1. Demikianlah sang Rekyana Patih Guna Saranta ketika datang setelah semalaman bertugas. Ia sudah tidak akan salah lagi dengan keadaan Kerajaan Kediri. Semua yang ada di kerajaan sudah dapat diketahuinya. Ki Patih berkeinginan memberi tahu kepada anak buahnya yang menunggu di hutan.
2. Ki Patih lalu terbang mengangkasa dan melewati di atas hutan belantara. Ia sangat kaget ketika melihat bangkai manusia bersusun-susun dan pesanggrahan sudah sunyi. Terlihatlah Sang Panji yang duduk beristirahat di bawah pohon. Ki Patih berkata di dalam hatinya,
3. "Semua temanku sekarang sudah mati terbunuh. Si Panji tentu yang berbuat itu. Sungguh sakti dia meski hanya seorang diri dapat membunuh delapan ribu anak buahku dan

1. *Mangkana Rekayan Patya, Guna Saranta duk prapti, kang mentas jejep jro pura. Ki patih wus tan kasilip, lir ing rehing Kediri. Obah osiking praja gung, ngaguna wus kawruhan. Ki Patih arsa bibisik, marang kancanira kang baris ing wana.*
2. *Ki Patih napak gagana, dupi wau angungkuli, saluhuring wanawasa. Ki Patih kagyat ningali, bangke susun atindih, pasanggrahan sampun suwung. Lah Sang Panji katingal, kendel neng ngisor waringin. Kyana patih anggarjita jroning nala,*
3. *"Iki kabeh kancaningwang, kang pada nemahi lalis. Si Panji ingkang marwasa. Tuhu yen sudibya sekti, dene mung jalmi siji, alebur wong wolung ewu, kancaningsun lulurah,*

keempat Daeng yang memimpinnya yang terkenal sakti.

Daeng kapat ducing uni, pada sura marata prawireng yuda.

4. Jika akan melebarkan jajahan si Panji tentu akan sangat mudah membunuh semua musuhnya." Akan halnya Ki Patih, setelah berkata dalam hati lalu ingin membela kematian anak buahnya berperang melawan Panji tetapi, ia menjadi teringat sekarang ia sebagai utusan raja.

4. *Tate angelar jajahan, mangkono ra angudilu, si Panji datan rekasa." Penira mrih amateni, ya ta Rekyana Patih, sawisnya micareng kalbu, kroda arsa umangsah, ngayuda sedya pupulih, enget ing tyas lamun dinuteng narendra.*

5. Di dalam hatinya ia berkata, "Jika aku berperang melawan si Panji ia terkenal sangat sakti. Jika aku kalah tentu akan mati, siapa yang akan melapor kepada raja?" Setelah itu Ki Patih lalu terbang mengangkasa kembali ke Makasar.

5. *Osiking driya mangkana, "Yen insun umangsah jurit, si Panji iku prawira. Lamun tan kasor ing mami, insun nemahi lalis, sapa matur mring sang Prabu?" Wusnya angunandika, andedel Rekyana Patih, mantuk marang Makasar margeng gagana.*

6. Sekarang ganti yang diceritakan yang sedang beristirahat dan di bawah pohon beringin. Sang Putra Raja Jenggala dihadap Bancak dan Doyok. Sang Panji berkata, "Kakang Bancak, tahukah engkau letak cungkup kembang yang dulunya dibuat para dewa? Letaknya di tengah hutan Tikbrasara ini."

6. *Ya ta ganti kawuwusa, kang munggend soring waringin. Sang Raja Putra Jenggala, Buncak Doyok munggend ngarsi, Sang Panji ngandikaris, "Kakang Bancak, sira weruh, prenahing cungkup kembang, yasane dewa ing nguni. Kang pinrenah jroning wana Tikbrasara."*

7. Ki Bancak menjawab, "Janganlah Paduka berpikir mencari cungkup kembang yang berada di dalam taman sari memang berada di sini. Dulunya dibuat oleh Batara Darma berdua dengan istrinya Batari Darmi. Sungguh indah taman tersebut.
8. Banyak ditumbuhi pepohonan dan aneka bunga tumbuh selamanya. Hanya hamba mendengar keadaannya sangat angker, semua makhluk halus terlihat akan memangsa siapa pun yang berani datang.
9. Dahulu kala pada zaman Putra Raja Dwarawati yang bernama Raden Samba tersesat di taman tersebut dibawa oleh bidadari Wilutama dan ditunjukkan jalanya. Raden Samba senang hatinya, bahkan ia pun lalu mencitai istri kakaknya,
10. Sang Prabu Traju Trisna sehingga menimbulkan perang besar. Keduanya berusaha saling membunuh meskipun masih bersaudara.
7. *Ki Bancak nauri sabda, "Sampun Paduka anggalih, ngupadosi cungkup kembang, kang munggend jro taman sari, estu wonten ing ngriki. Batara Darma karuhun punika kang ayasa, lan garwa Batari Darmi, Langkung pelog warnane taman punika.*
8. *Myang katah warneng taneman, sekar-sekare mepeki, mesi ing salaminira. Anaming kula miarsi, gawatipun nglangkungi, siluman datan kadulu, lan dadya pangalapan, sinten-sinten kang udani, datan wande estu manggih duka cipta.*
9. *Ing nguni nalikanira, Putra Nata Dwarawati, kang anama Raden Samba, Kasasar ing taman ngriki, binekteng widadari, Wilutama kang atuduh. Punika Raden Samba, manahe nunten kagingsir, angremeni dateng garwane kang raka,*
10. *Sang Prabu Taraju Trisna, dadya prang agung ing nguni. Wusana atutumpesan, tur sami kadang pribadi. Punika dadya peling, duh pukulun sampun-sampun!" Sang Panji*

Hal itu hendaknya selalu diingat! Paduka jangan sekali-kali masuk!" Sang Panji berkata, "Kakang, saya sudah tahu semua itu.

angandika "Kakang insun wus ngawruhi, drigamane ananging kudu umeksa.

11. Aku ingin melihat cungkup kembang dan karena aku sudah menyanggupi permintaan adindamu Yayi Dewi Sekar Taji, yang meminta buah ketos yang berada di taman tersebut sebagai pengapit cungkup kembang bagaikan kembang mayang yang indah yang dilihat Yayi Dewi dalam mimpi.

11. *Wruh warnane cungkup kembang, lan insun wus nembani, panedane arinira, Yayi Dewi Sekar Taji, neda woh ketos adi, kang munggendro jro taman lutut, pangapit cungkup kembang, kadya kembang mayang asri, sumarma wruh Yayi Dewi anyupena.*

12. Bagaikan petunjuk dewa. Ki Bancak ketika mendengar menggeleng-geleng lalu berkata "Lah dalah, demikianlah? Hyang Darma telah memberi wangsit janganlah Paduka percaya karena akan mendapat kutuk jika selalu menuruti permintaan istri." Sang Panji tersenyum

12. *Kadya dewa kang wawarah, Ki Bancak dupi miarsi, gedheg-gedheg sarwi ngucap, "Lah dalah punika yekti? Hyang Darma kang mripeni, pandamele sok kabedung, sampun Paduka gega, siku yen nurut pawestri." Sang Panji mesem sigra lumaksana*

13. berjalan menuju hutan. Ketika belum begitu jauh, Sang Putra Raja (Panji) melihat gapura yang dihias keemasan di ujungnya ada nyala api terkena sinar menyorot sebagai pengapit gapura itu dua arca

13. *laju mentengan mring wana. Ing antara dereng tebih, Sang Raja Putra tumingal, garupa winarneng rukmi, pupucake her geni, kabaskaran angunguwung, pangapiting gapura, gupara mas kang kakalih,*

raksasa terbuat dari emas yang mirip si Cangkara Bala Upata.

kang pininda si Cingkara Bala Upata.

14. Itu adalah Dewi Raksasa yang menjaga pintu neraka. Arca tersebut seakan hidup, berbusana serba indah, memakai mahkota dari kembang dan diberi rambut sampai ke lutut, berewok, dan berkumis tebal, bersiung sebesar carak dan matanya bagai matahari.
15. Keduanya membawa gada (taman tersebut) berpagar bunga akik hijau dan kuning dibuat berpucuk lancip dan dipelisir selaka. Pagar itu dikelilingi air dan aneka warna bunga, di dalam jambangan emas dengan dihias pekaja berwarna nila.
16. Sang raja putra (Panji) berkata, "Kakang Bancak, lihatlah itu di tengah hutan belantara ada taman sari. Kakang, janganlah takut! Marilah kita segera ke sana." Ki Bancak menjawab, "Hamba tidak takut hanya merasa kasihan pada Paduka.
14. *Puniku Dewi Reksasa, ing pintu pangarip-arip. Gupala tinon lir gesang, binusanan sarwa adi, amakutha buka sri, sinung rambut prapteng jengku, wok bris ngumbala gimbal, siyunge sacarak sisih, ules tutul anenetra her baskara.*
15. *Kalih sami mandhi gada, papagere taman sari, akik ijo akik jenar kinantha lir pancak suji, wengku salaka putih. Pager ingideran ranu, tinurut kembang-kembang, munggend jembangan mas adi, titirahnya pinatih nila pekaja.*
16. *Sang raja putra ngandika, "Kakang Bancak, ika keksi, satengahing wanawasa, tuhu lamun taman sari. Lah Kakang aywa wedi! Payo pinaranan gupuh." Ki Bancak saurira, "Kula boten wedi-wedi, marwa bebel angeman dateng Paduka.*
17. Ki Doyok itu berkata, "Si
17. *Ko Doyok nanbungsi sabda,*

- Bancak memang cerewet lupa sebagai abdi. Mari kita mengiringkan (Sang Panji). Jika dayang taman itu datang mengganggu Gustimu lepaslah celanamu biar (dayang itu) lari ketakutan." Bancak dan Doyok tertawa terbahak.
18. Agak keduanya tahu bahwa Sang Panji telah berjalan sampai ke depan gapura terbengong-bengong melihat nya. Melihat semua serba indah berwarna keemasan memancar ke seluruh penjuru dan menebar bau harum.
19. Tersapu angin sepoi-sepoi nan lembut menimbulkan kedamaian hati. Tersebutlah di dalam taman itu, berhalaman air yang jernih bagaikan kaca cermin, beraneka tanaman bayangannya terlihat dengan jelas bagaikan mengembari aslinya.
20. Dan, akan terungkap dalam cerita buah-buahan yang ada di taman sari semuanya masih muda dan berbuah lebat ranum dan banyak yang matang di pohon dikelilingi buah yang masih kecil. Atas kekuasaan
- si Bancak pijer cariwis, lali kalamun wong gering, lah payo pada umiring. Lamun danyange prapti, angganggu marang Gustimu, kathokmu uculana, dimene lumayi gendring." Bancak Doyok gumuyu sareng alatah.*
18. *Semune sami karasa, Sang Panji sigra lumaris, prapteng ngajenging gapura, ngungun denira ningali, leng-leng cengeng ngawengi, andulu sarwa ngunguwung, retna kang sarawungan, sumamburat maratani, lawan kongas ganda rum arum, angambar.*
19. *Kataman ing samirana, angin aris silir-silir, maweh ayeming sarira. Kacatur jro taman sari, lalatarira cermin, yen dinulu kadya ranu, sagung warneng tuwuhan, wayanganira kaeksi, kadya kembar ngandap nginggil, katingalan,*
20. *Lawan kocap jro carita, wowohan ing taman sari, salaminira tumruna, lawan wohira andadi, nyadham-nyadham mateng wit, kumroyok apentil karuk, tan lungse datan lebar.*

para dewa. Putra Raja (Panji) terus melaju ke dalam taman.

Pangwasane sang dewa. Raja Putra wus laju manjing jro taman.

21. Semakin ia tercengang melihat keindahan taman itu, yang sering dibuat wangsalan bagi bunga mandheg noli bunga penambang peksi dan bunga waja jamus dan bunga anggug liwat serta bunga panjang alit dan bunga wanita bunuh diri.

21. *Sangsaya leng-leng kacaryan, ningali langening sari, kang karya munggeg wangsalan, kadi sekar mandheg noli, sekar panambang peksi, lawan sekar waja jamur, lan sekar anggug liwat, lawan sekar panjang alit, lawan sekar wanita nanganyut jiwa.*

22. Dan, bunga-bunga air dan bunga sosoring wentis serta bunga wijah-wijah dan bunga kurang indah bunga bonang kapencil serta bunga jalma tuwuh bunga cacat tubuh dan bunga dua sebiji serta bunga bagi amiseseng praja.

22. *Lan, sekar kulineng toya, lan sekar sosoring wentis, lawan sekar wijah-wijah, lan sekar kurang respati, sekar bonang kapencil, lawan sekar jalma tuwuh, sekar cacading awak, lan sekar loro sawiji, lawan sekar minda amiseseng praja.*

23. Serta bunga jalma liwar dan bunga bangkai dan bunga les ingubaya dan bunga sekar ngulen-uleni bunga jalma ningali serta bunga jalma sepuh dan bunga wuluh wungwang bunga panglela anak kecil serta bunga turangga rineh jalmi.

23. *Lawan sekar jalma liwar, lan sekar uler babacin, lan sekar les ingubaya, lan sekar ngulen-uleni, sekar jalma ningali, lawan sekar jalma sepuh, lan sekar wuluh wungwang, sekar panglela rarywa lit, lawan sekar turangga rineh ing jalmi.*

24. Wangsalan diberi makna giyanti berhenti menoleh menurut penambang burung waja jamus bunga melati besar lewat

24. *Wangsalan sinung tarbuka, giyanti mandeg anoli, menurut panambang kukila, waja jamur sekar mlati, gung liwat wora-*

mondar-mandir ceplok piring
panjang muda wanita bunuh
diri bunga lara kedati. Pacar
air yang berada di air

25. sempal di bawah betisnya,
seruni kurang indah wajah-
wajah bunga soka kenaga
bonang kapencil teluki dua
sebiju regulo yang memberi
petunjuk burba memerintah
negara raga yang cacat tubuh
sundel malam bunga wanita
menyeleweng.

26. Bunga cidra les ngubaya prabu
set ulah babacin gemuk lemi
bunga dangan teleng jalma
tidak melihat orang tua manda
kaki penidur sekar andul
tulupun wulung wungwang
bunga pemerintah kuda
dinamai bunga tegari
kasmaran.

wari, ceplak piring panjang
timur, pawestri nganyut jiwa,
kang sekar lara kedhati. Pacar
banyu kang sekar kulineng
toya,

25. *sempol sasoring wentisnya,
saruni kurang respati, wajah-
wajah sekar soka, kenaga
bonang kapencil, teluki loro
siji, regulo kang jalma tuduh,
burba miseseng praja, raga
ina cacat dhiru, sundel malem
kang sekar pawestri lirwa.*

26. *Puspa cidra les ngubaya,
prabu set uler babacin, lemu
lemi sekar dhangar, teleng
jalma na ningali, wong sepuh
mandhakaki, kang panglela
sekar andul, tulupan wulung
wungwang, sekar pangrehing
turanggi, winastanan sekar
tegari kasmaran.*

VI. SANG PANJI PERGI KE TAMAN CUNGKUP KEM- BANG

1. Sang Panji lama berkeliling melihat keindahan bunga, terpesona melihat penataannya, tertata sangat indah di atas jambangan gedah. Waktu itu masih sore bunga menebarkan bau harum.
2. (Panji) memilih dan memetik bunga diciumnya (bunga itu) sambil jalan, sedangkan Ki Bancak dan Doyok repot memetik buah-buahan dimakan dalam perjalanan berdecak-decak sambil tertawa-tawa "Doyok, pohon itu ditanam para dewa.
3. Manis tiada tanding itu buah jambu dresana. Rasanya bagaikan madu airnya segar sekali memberi kesegaran badan. Ki Doyok menjawabnya, "Aku sendiri juga heran.
4. Baru kali ini melihat buah rasanya bagai buah pijetan. Si dewa suka makan; jika mau aku mintai tolong menanam-

VI. SANG PANJI TINDAK DATENG TAMAN CUNG- KUP KEMBANG

ASMARADANA

1. Sang Panji dangu ngideri,
ningali langening sekar,
kacaryan mulat rakite, tinata
ababancangan, munggend
jembangan gedhah. Tumaruna
wancinipun, sekar mekar
mawi ganda.
2. Mimilih ingkang pinetik,
ginanda sarwi lumampah,
dene Ki Bancak lan Doyok,
bikut angunduh wowohan,
pinangan turut marga,
nyamuk-nyamuk lan gumuyi,
"Doyok tanduraning dewa.
3. Legine kapati-pati iki woh
jambu dresana, Lah kaya
madu rasane, banyune seger
marambah, sumrah rasaning
badan. Ki Doyok nauri wuwus,
"Lingsun iki iya eram.
4. Lagi tumon wohing wuni
rasane kaya pijetan. Si dewa
doyan babadhog, yen gelema
ingsun sambat, nandurke

kannya di kebunku biar rasanya juga enak." Ki Bancak menjawab sengit,

5. "Seandainya mau menanamkan kamu tentu akan mati kebunmu akan habis semua diambil oleh para dewa dan kamu tidak ikut makan. Lalu bagaimana kamu akan meminta seperti di dalam taman ini?

6. Buahnya sangat indah. Manusia tak boleh ikut memakannya mangga sebanyak itu. Kuweni, pakel, rambutan, mangis, durian, kokosan kepundung, dan jeruk gulung utuh setiap harinya.

7. Aku sendiri juga agak heran. Tidak heran bagaimana jika kalong, tupai, dan kampret tidak ada yang makan buah-buahan. Taman ini ditutup oleh para dewa yang sok sombong sebagai penguasa."

8. "Doyok, beranikah kamu berperang adu kekuatan melawan dewa seperti itu?" Ki Doyok menjawab sambil tertawa, "Semestinya aku berani, tetapi si dewa tak akan kalah. Taman ini buatannya.

kebon ingwang, rasa enak dimen tiru." Ki Bancak sumaur sugal,

5. "Gelem pisan ananduri, kowe bakal katiwasan, kebonanmu ilang kabeh, pasti bineskup mring dewa, kowe tan melu mangan, Mara priye gonmu jaluk, kaya iki jroning taman, taman?

6. Wowohane adi-adi. Manungsa tan melu mangan, pelem pirang-pirang kuwe, kuweni pakel rambutan, manggis, duryan, kokosan, kapundhung lan jeruk gulung, wutuh bae saben dina.

7. Aku ya gumun sathithik. Ora gumun babar pisan, denen kalong bajing codhot, ora na mangan wowohan, tamane tinutupan, mring dewa dhing sok ambesur, si damar jaka kuwasa."

8. "Doyok, apa kowe wani atandhing adu kuwasa, karo dewa dhing mangkono?" Ki Doyok gumuyu mojar, "Benere wani pisan, nanging si dewa tan luput. Iki gone gawe taman.

9. Membuat dirinya merasa senang tidak diperuntukkan bagi manusia, demikianlah maksudnya. Jika ada manusia yang sengsara karena perbuatannya sendiri bagus jelek benar salah lupakan kau tentang itu?"
9. *Gawe sukane pribadi, ora mamasangi jalma, kaya mangkono karepe. Dene manungsa sangsara, pakar-yane priyangga, ala becik bener luput, lah apa kalalen sira?"*
10. Keduanya tertawa cekikikan. Sang Panji tersenyum dan berkata, "Apa yang kau bicarakan itu? Kakang, coba diamlah mari kita ke telaga aku ingin mandi di sana." Sang Panji buru-buru berjalan.
10. *Wong roro pating cekikik. Sang Panji mesem ngandika, "Apa kang rinembug kuwe? lah Kakang pada menenga, payo marang telaga, sarirengsun arsa adus." Sang Panji gya lumaksana.*
11. Bancak dan Doyok mengiringkannya. Sampai di telaga itu, terlihatlah airnya yang bening dipelihara dan dihias berpagar pandan surat. Sang Panji lama melihat daun pandan yang di depannya.
11. *Bancak Doyok atut wuri. sapraptanireng talaga, katingal wening toyane, binatara wirinengga, pagere pandan surat. Sang Panji kuwasa dulu, ron pandan kang munggend ngarsa.*
12. Ada ciri tersurat tulisan dengan goresan kuku, lalu dibaca isinya. Tulisan yang berada di daun itu sebagai perjanjian antara Hyang Darma dan istrinya setelah bersuami istri.
12. *Ana cirine kinteki, labet cinawi kenake, gya sinukmeng nen uneni. Ciri kang munggend ron pandan, atembung prajangjian, Hyang Darma lan garwanipun, luluse apalak-rama.*
13. Dan, jika akan menitis Hyang Darma dan istrinya ke dalam tubuh manusia bersemayam
13. *Miwah yen kala anitis, Hyang Darma lan garwanira, marang manungsa dununge, umanjing*

pada seorang putra raja. Jika sudah diwisuda nantinya akan diberi tahu pertemuan di dalam taman.

putreng narendra. Yen sampun winiwaha, anulya sinungan weruh, papanggihan neng jro taman.

14. Kedua putra dan putri itu berada di dalam cungkup kembang berkasih-kasihan keduanya itu sebagai laku kemuliaan bagi sang dewa. Demikianlah Sang Panji sangat lama mengingatnya di dalam hati.

14. *Sang putra lawan sang putri, dumunung jro cungkup kembang, sih-sinihan sakalihe, punika karya wak-awak, kamulyane sang dewa. mangkana Sang Panji dangu, kacathet daleming dria.*

15. Ia berkata di dalam hatinya, "Taman tidak akan membuat sengsara menjadi tempat keindahan seperti dulu. Jeng Eyang bertapa di dalam taman berkeinginan menjadi raja menguasai seisi tanah Jawa.

15. *Pangunandikaning galih, taman tan karya sangsara, dadya langen kasukane sumarma nguni. Jeng Eyang tatapa jrining taman, jinurung umadeg prabu, amengku rat tanah Jawa.*

16. Jika demikian aku akan ikut." Sang Panji berniat bertapa di dalam taman sekadarnya, sekalian memburu burung di dalam hutan mencari burung perkutut. Dan setelah sekian lama,

16. *Yan mangkono sun luluri." Sang Panji sedya nastapa, aneng taman sakadare, ngiras ngupaya kukila, jro wana bedhag pikat, misaya peksi berkutut. Ya ta wus dangu antara.*

17. Sang Panji lalu mandi melepas busana yang dipakainya sambil berkata perlahan "Kakang, ayo kita mandi!" Bancak dan Doyok pun segera ikut. keduanya masuk ke dalam air, berenang ke sana-kemari.

17. *Sigra siram Sang Panji, angracut busananira, sarya alon andikane. "Lah Kakang, pada adusa!" Bancak Doyok asigra, kakalih nyemplung ing ranu, ciciblon alunjak-lunjak,*

18. Ki Bancak tertawa dan berkata, "Doyok, ini kenyataan, Airnya sangat wangi baunya, merasuk ke dalam tubuh, semerbak harum mewangi. Besok jika kita pulang, kakakmu tentu akan senang,
19. lalu buru-buru merangkul karena tubuhku enak baunya. Sebelum bagai bau kambing werok." Ki Doyok tertawa dan berkata, Besok kalau kamu sudah pulang, istrimu pasti cemberut dan marah pergi sambil berceloteh.
20. Di dapur ia akan menangis." Ki Bancak," Loh, kenapa?" Ki Doyok menjawab, karena kamu disangka menyeleweng sehingga harum baumu." Ki Bancak menjawab marah, "Ih, aku harus bersumpah."
21. Demikianlah Sang Panji tekagum-kagum sambil mandi dan rasa airnya membuat segar di badan. Semua letih dan capai hilang. Ia mandi berlanjut dan mengenakan pakaiannya,
22. lalu memeriksa berkeliling. Keindahan di dalam cungkup sekar bagaimana ada pulaunya
18. *Ki Bancak gumuyu angling, "Doyok iki ora talah. Banyune wangi ambune, numusi sakojur badan, mambu wangi kabekan. Besuk lamun mulih ingsun, bok ayumu bungah-bungah,*
19. *banjur angrangkul ngepithing, awakku ambune enak, mari kaya wedus berok." Ki Doyok gumuyu mojar, "Besuk kowe yen teka, bojomu besengut nepsu, lunga bari garundelan.*
20. *Mring pawon gulung anangis." Ki Bancak "Lho ya geneya?" Ki Doyok sigra saure, "Kowe tinarka bedhangan, de wangi ambunira." Ki Bancak bekis sumaur, "Ih, aku mesti supata."*
21. *Mangkana wau Sang Panji, lam-lamen denira siram, dene suraos ingkang we, akarya sumrah ing angga. Saya lesune sirna. Denira siram anutug, wus mimba ngrasuk busana,*
22. *laju minggah mariksani. Nanging kang cungkup sekar, dumunung kadya*

berada di tengah telaga. Pintu gapuranya pendek, berdaun pintu kupu tarung yang dihias emas jingga.

pulone, munggend tengahing talaga. Pintu gapura pandhak, sinung inep kupu tarung, rinungrum dening mas jingga.

23. Papan selaka berukir bagaikan bersalaman diberi warna merah dan hijau bersinar warna keemasan. Daun pintu tersebut diberi gambar pria dan wanita bagaikan penganten baru.

23. *Papan salaka sinungging, angrawit pinda lung-lungan, sinilih asih bang ijo, mubyar pasanging kancana. Inepe kang wiwara, sinung gambar estri jalu, pinindha penganten anyar.*

24. Besarnya sama seperti manusia, berada di kiri dan kanan yang pria berwajah tampan, sedangkan yang wanita cantik bagaikan sedang bercintaan berdiri di pintu akan mandi di telaga.

24. *Gengnya sinami lan jalmi, munggend inep kering kanan, kang priya bagus warnane, kang estri ayu angraras, kasya duk sih-sinihan, lir ngadeg munggend pintu, arsa siram mring talaga.*

25. Keduanya sama-sama membawa; si wanita mengempit kain dan si pria membawa gayung. Sang Panji terpesona melihatnya karena rupa di dalam gambar itu tak ubahnya bagai manusia tak beda sedikit pun.

25. *Ketara sami anyangking; kang estri angempit wastra, kang priya nyangking siwure. Sang Panji ngungun tumingal, dene warnane gambar, kadya kang jalma satuhu, tan mantra-mantra ketara.*

26. Matanya terbuat dari emas bersinar bagai memandang. Demikian pula kulitnya bagaikan kulit manusia. Jika lama dipandang seperti sedang tersenyum menyambut. Giginya terlihat berkilau

26. *Netrane retina kinardi, kumenyar lir wignya mulat. Miwah kulit wuwulone, kadya kang jalma uripan. Lamun dangu sinawang, lir mesem nambrama semu. Wajanya kengis gumebyar,*

27. bagai terbuat dari mutiara hijau, seperti habis memakan sirih semburat merah sinarnya. Sang Panji berkata pelahan, "Kakang Bancak, gambar wanita cantik itu bagaikan meniru
27. *mutyara wilis kinardi, kadya mentas gennya mucang, renyep-renyep bang sunare. Sang Panji aris ngandika, "Lah iki Kakang Bancak, gambaring wanita ayu, baya iku kang pininda,*
28. bidadari yang cantik, seperti hidup keadaannya. Orang yang tipis imannya pasti akan terpikat melihat indahnya gambar itu." Ki Bancak menjawabnya, "Itu dibuat berpasangan."
28. *widadari kang linuwih, dene lir urip temenan. Kang tipis-tipis ungase, pasti kalamun kagiwang, mulat warnaning gambar." Ki Bancak nauri wuwus, "Puniku karya pasangan."*
29. Pada dahulu kala yang bernama Raden Samba pada saat melihatnya lalu terlupa malah sampai pingsan. Lalu datanglah Wilutama membangunkan Raden Samba.
29. *Sumarmanipun duk nguni, kang anama Raden Samba, nalika mulat kasupen, malah ngantos kapidara, Nunten pun Wilutama, waranggane amb-bedhung, amungu mring Raden Samba.*
30. Setelah bangun lalu diberi tahu bahwa sebagai obat sakit (asmara) Raden Samba jika istri kakaknya Prabu Taraju Trisna yang cantik rupanya melebihi gambar itu.
30. *Duk wungu den pituturi, ingkang minangka usada, Raden Samba sumba subrangtane, lamun garwane kang raka, Prabu Taraju Trisna, warnane kalangkung ayu, angungkuli warneng gambar.*
31. Raden Samba disuruh mengikuti oleh Dewi Wilutama akan dipertemukan dengan istri kakaknya. Hal itu menjadi awal
31. *Dyan Samba kinen tut wuri, marang Dewi Wilutama, anuntun pinanggihake, lawan garwane kang raka. Dadya*

bencana. Oleh sebab itu, Paduka harus ingat jangan terus terpesona."

witing babaya. Marma Paduka yen emut, sampun gung angraras driya.

VII. PATIH GUNA SARANTA MELAPOR PADA SANG PRABU

VII. PATIH GUNA SARANTA ATUR UNINGA NGSANG PRABU

MIJIL

1. Sang Panji tersenyum dan berkata, "Kakang, apakah aku akan meniru semua itu bagaikan putra raja Dwarawati? Aku bukan anak kecil yang tidak tahu akan bahaya."
2. Setelah berkata begitu lalu masuk dan melihat ke dalam cungkup. Sekar itu sangat indah ditata bagaikan keadaan surga. Semuanya serba cungkup. Cungkup indah keadaan di dalamnya.
3. Tiangnya terbuat dari bunga, lurus tiada berbengkok belandar bunga oncen-ocnen beratap bunga pelik ceceplongan serta beruwung bung sunduk.
4. Itulah sebabnya menebar harum wangi. Bunga-bunga

1. *Sang Panji mesem ngandikaris, "Kakang raganing ngong, mangka dadak tirua labete, kadya raja putra Dwarawati? Apa bocah cilik, tan wruh ing pakewuh."*
2. *Sawusira ngandika gya manjing, jro cungkup tumonton, cungkup sekar endah pangrakite, kadya papajangan ing swarga di. Ingkang sarwa sari, wawarnaning cungkup.*
3. *Karya sasaka sekar inganggit, jejeg tan mandelong, belandare sekar oncen-ocnen, papayone atap sekar pelik, ceceplongan tuwin, wuwung sekar sunduk.*
4. *Sumarmanya gandanya mrik wangi. Puspita jinaot, datan*

jinaot selamanya tidak akan layu. Semua yang melihat keadaan cungkup akan terpesona dan tidak mau keluar.

alum salami-lamine. Praba-wane cungkup sing amanjing, kacaryan tan sipi, ras-arsen metu.

5. Sang Panji yang sudah mengetahui agak lama merasakan sekujur badannya segar selama berada di dalam cungkup. Hatinya damai dan sambil melihat keadaan di kiri dan kanan cungkup,

5. *Sang Panji dasar wus kinapti, pantareng karaos, sariranya sumrah sadangune, aneng cungkup kalbunira ening, lawan aningali, kanan kering cungkup,*

6. Pohon ketos mengapit pintu rindang mengayomi, Keduanya bagai gagar mayang, daunnya terlihat beraneka warna merah, hijau, dan kuning pinggul dadu, dan ungu.

6. *witing ketos ngapit-apit kori, tumrun angayom. Kadya gagar mayang rakitane, roning ketos tinon manca warni, bang ijo lan kuning, pingul dadu wungu.*

7. Dan, semua bunga dan buah berwarna serupa daun. Sang Panji berkata dalam hati, "Yayi Galuh, inilah yang kau pinta seperti yang diberi tahu oleh para dewa."

7. *Dene sekar lan woh manut sami, lir warnaning kang ron. Sang Panji micareng kalbune, Yayi Galuh kang tinedha iki, tuhu yen winisik, maring ing dewa gung."*

8. Melihat di sekelilingnya buah ketos seperti itu sampai tua tak akan dapat jika tidak mendapat restu dewa. Demikianlah Sang Panji ingin berlama-lama (di situ).

3. *Ngulatana ing sanung sajawi, ketos kang mangkono, kongsi pikun yekti ora oleh, yen tan antuk sihing batara di, mangkana Sang Panji, karsanira dangu.*

9. Jika siang hari berburu burung

9. *Lamun siyang angupaya peksi,*

dan hewan hutan, jika malam tidur di dalam cungkup terus-menerus bersemedi di dalam taman sari. Sekarang ganti yang diceritakan.

miwah soto-soto, lamun dalu aneng cungkup sare, mesu sarira tansah maladi, neng ta taman sari. Gantya kang winuwus.

10. Yang menjad raja di Makasar sebagai raja yang sakti bernama Prabu Brama Kumara masih muda dan tampan berperawakan langsing.

10. *Ing Makasar kang umadeg aji, narendra kinaot, Prabu Brama Kumara namane, maksih taruna bagus kang warni, adedeg respati, pasariran lurus,*

11. beranyak, tatag, tidak malas, berwatak angker. Dengan kesaktian berlebih, Prabu Brama Kumara tak ubahnya raja Maospati Sang Sasrabahu.

11. *amberanyak tatag datan wigih, ladak ing pasemon. Kasembadan punjul kasektene, Prabu Brama Kumara ngemperi, rajeng Maospati, ri Sang Sasrabahu.*

12. Kedua patih dari Sri Narapati sama-sama sangat sakti. Patih yang tua bernama Brama Denta berbadan tinggi besar berwajah bagai raksasa dengan bulu yang lebat.

12. *Papatih kalih Sri Narapati, sami wireng kewoh. Ingkang sepuh Ki Patih wastane, Brama Denta agagah geng inggil, warna lir raseksa, wulune ngrembuyung.*

13. Yang satunya Patih Guna Saranta sebagai Patih dalam, dan kedua senapati bernama Arya Bagaspati dan Barama Dadali. Keduanya juga sangat sakti.

13. *Patih Guna Saranta nisihi, papangkon patih jro, senapati kakalih wastane kang satunggil Arya Bagaspati, lan Brama Dadali, sami wireng kewuh.*

14. Dan, banyak kerabat yang sakti. Oleh sebab itulah, sang

14. *Miwah sentana keh sura sekti. Sumarma sang katong, kurang*

raja merasa kekurangan musuh dan ingin berperang menantang Sang Panji. Demikianlah Sang Aji sedang menunggu kedatangan

mungsuh nglalana karsane, arsa tandhing prang lawan Sang Panji. Mangkana Sang Paji, lagya ngayun-ayun

15. utusan yang disuruh ke tanah Jawa sebagai pemimpinnya Kyana Patih yang sudah lama. Sri Narendra ketika sedang berada di kamar sedang dihadap para istri

15. *cundaka kang marang tanah Jawi, pupucuk panonjok, Kyana Patih lami ing lampahe. Sri Narendra duk munggeng patani, para garwa selir, kang munggeng sing ngayun,*

16. serta biyada parekan ceti dengan upacara kerajaan, tiba-tiba datanglah Patih Guna Saranta dari angkasa dan mendarat di halaman kerajaan.

16. *miwah biyada parekan cethi, pacara kaprabon, katali kaki patih praptane, Guna Saranta napak wiyati, niyup anjujug ing, lataring kadatun..*

17. Ki Patih duduk di bawah pohon. Pada saat sang raja melihat kedatangan Ki Patih segera disuruhnya menghadap. Kyana Patih lalu datang sambil menyembah di haribaan Sang Raja.

17. *Lungguh mungging sor taru Ki Patih. Wau sang katong, dupi mulat Ki Patih praptane, gya ingawe Kyana Patih aglis, Umajeng wot sari wus sumiweng ngayun.*

18. Kyana Patih memberikan surat lalu segera dibaca (Sang Raja) surat balasan dari Sang Panji.

18. *Kyana Patih ngaturken kinteki, tinampen winaos, serat wangsulun wit bubukane, saking raja putra Sang Panji, kang sudibya sekti, wiruta-meng kewuh.*

19. Isi surat tersebut menyebutkan (Sang Paji) akan menerima

19. *Dene suraseng srat amranani, ametuk palugon, besuk kapan*

tantangannya, kapan keinginan Sang Prabu mengadu kesaktian. Jika sampai tidak datang (Sang Panji) yang akan menyerang.

*Sang Prabu karsane, ngadu
pragola tandhing kasekten.
Lamun ora prapti, ingsun
kang lumurung.*

20. Sesudah membaca Sang Aji berkata, "Patih, sekarang engkau sudah mengetahui rupa si Panji bagaimana seandainya terjadi perang tanding melawan aku. Siapa yang menang dan siapa yang kalah.

20. *Wusnya titi ngandika Sang
Aji, "Patih ing samengko,
sira wus wruh si Panji
warnane, kaya paran
mungguh ing prang tandhing,
lawan jeneng mami, papantes
sor unggul.*

21. Kyana Patih berdatang sembah, "Duh Sang Prabu kiranya sama-sama berimbang dan Paduka sangat sakti. Tinggi badannya pun sama hanya selisih sedikit.

21. *Kyana Patih umatur wot sari,
"Pukulun sang katong,
langkung prayogi sedeng
tandhinge, lan Paduka sami
sura sekti, myang ing dedeg
sami, amung kaotipun.*

2. Paduka *beranyak* dan tidak malas raja yang sakti, sedangkan Panji berparas kalem sangat sabar tidak mudah marah itu sebagai pertanda seorang satria yang sakti.

22. *Jeng Paduka beranyak tan
wigih, narendra kinaot, pun
Panji lurah pambekane,
wingit jatmika ayem ing budi,
estu mratandani, yen prajurit
punjul.*

23. Dan, tidak berwatak sombong. Namun, betul (Gusti) jika sudah berperang tidak akan mengembalikan musuh. Duh-duh Sang Dewaji, hamba juga melapor.

23. *Dene watak datan gedhag-
gedhing, Ananging sayektos,
yen tumandang mungkasi tan
wande, datan kewran ngagal
miwah rempit. Duh-duh Sang
Dewaji, kawula umatur,*

24. Wadya Paduka para Daeng semua mati di medan perang di tengah hutan. Padahal musuhnya hanya seorang yaitu Panji dengan kedua punakawannya yang menguasai peperangan.
 25. Wadya delapan nembang kocar-kacir dengan sangat mudah Daeng dan lurah semua mati. Hamba ketika ingin melawan takut mati karena tidak akan ada yang melapor.
 26. Sri Narendra bersedih saat mendengarnya dan berkata pelahan. Jika demikian, lalu bagaimana baiknya karena si Panji memang sakti. Ketahuilah Patih aku belumlah takut.
 27. Dulunya aku juga sudah tahu. Memang demikian adanya, tetapi janganlah engkau takut pada saat akan maju berperang dengan cara main keberuntungan.
 28. "Sekarang menurut kamu bagaimana. Apa yang akan terjadi?" Kyana Patih menyembah dan berkata, "Ada sedikit usul hamba. Pada saat ini Panji sedang berada di hutan
24. *Wadya Paduka pra Daeng nguni, pejah ing palugon, munggeng wana Pukulun mungsahe, mung satunggal punika pun Panji panakawan kalih, rumabaseng pupuh.*
 25. *Wadya wolung nembang basah-basih, gusti tan rekaos. Daeng lurah sakedap pejahe, amba dupi arsa mangsah jurit, enget bok ngemasi cotho kang umatur.*
 26. *Sri Narendra ngungun duk miarsi, angandika alon, yen mangkono paran prayogane, dene si Panji nyata linuwih, heh wruhanta Patih, durung ulap ingsun.*
 27. *Nguni ingsun iya wus ngawruhi, kalamun mangkono, nanging aywa kainan becike, ing reh bakal angadoni jurit, lamun wus patitis, begjan untung-untung."*
 28. *"Pratikelmu wetokna den aris, ing reh kang linakon, Kyana Patih nembah lon ature. Wonten daya kawula sakedhik. Punika pun Panji mangke neng wana gung,*

29. sedang berburu burung dan hewan hutan serta menuruti kemauan istrinya yang bernama Retna Sekar Taji putri dari Kediri yang berkeinginan
 30. Sang Panji diminta mencari buah ketos yang ditanam di dalam hutan oleh Hyang Darma. Dan Sang Panji sudah sekian lama.
 31. Istrinya Paduka curi dijadikan sebagai sandera. Jika istrinya hilang tentu akan mengurangi kekuatan (Panji). Jika Paduka mengetahui istrinya Panji yang bernama Retna Galuh.
 32. Seorang putri bagai retna bumi. Wajahnya bersinar bagaikan sinar bulan purnama berbadan halus dan cantik, manis lindri-lindri bagaikan Supraba.
 33. Semua istri Paduka di sini tentu akan terkalahkkan. Semua pantas sebagai pembantunya. Duh Pukulun, coba Paduka pikirkan seandainya Panji kehilangan istrinya itu
29. *lagya kasengsem ngupados peksi, miwah sato-sato, lawan prelu nuruti garwane, kang anama Retna Sekar Taji, putri ing Kediri, darbeni panuwun,*
 30. *Sang Panji pinrih angupadi, gusti wohing ketos, jroning wana nguni tanemane, Sang Hyang Darma ketos langkung adi. Ing watawis lami, pun Panji Pukulun.*
 31. *Garwanipun Tuwan dusta nuli, kinarya pirantos. Nyiudeng wawrat yen ical garwane. Jeng Paduka manawi udani. Garwanya pun Panji wasta Retna Galuh.*
 32. *Putri kadya kumaraning bumi. Cahyane sumorot, mida wulan purnama kenarye, sarira lus alurus respati, manis lindri-lindri, lir Supraba nurun.*
 33. *Sagung garwa Paduka puniki, saestu yen kasor. Anyenyethi sadaya pantese. Duh Pukulan Jeng Paduka galih, kalamun pun Panji, ical garwanipun*

34. tentu ia akan kebingungan itu betul Pukulun. Meskipun banyak istri, Panji tak ada yang masuk di dalam hatinya. Jika Panji sudah kebingungan,
34. *estu bingung datan wande baring, Pukulun sayektos. Madyan katah pun Panji garwane, boten wonten ingkang dados galih. Lamun pun Panji bingungipun lulus.*
35. tentu dengan mudah kita lawan. Berperang melawan orang bingung. Jika Panji dibunuh secara wajar tentunya akan sulit karena dulu Prabu Nungsa Rukmi saja kalah berperang melawan dia
35. *estu enggal linawan ing jurit. Mengsah tiyang nglamong. Pun Panji yen pinaten wantahe, langkung awrat sumarma ing nguni Prabu Nungsa Rukmi kasor ing prang pupuh*
36. karena mengandalkan kesaktiannya tanpa memakai alat. Panji dan semua saudaranya gagah dan sangat sakti mendraguna, tetapi hamba jika ditandingkan akan melawannya
36. *awit ngandelaken guna sekti, tan mawi pirantos. Pun Panji sadaya kadange, gagah-gagah tur prawira sekti, nanging amba gusti, tinandhinga purun*
37. sebab sama wajar di medan perang. Jika dengan siasat akan kacau." Sri Narendra ketika mendengarkan sangat berkenan dan segera memanggil para ahli untuk bergambuh
37. *sabab sami wantah ing ngajurit, lamun rempit conto." Sri Narendra wau pamyarsane, langsung suka sigra ken nimbali para ahli, ing rembang anggambuh.*

VIII.SANG PRABU BRAMA KUMARA BERMAKSUD DATANG KE KEDIRI

1. Utusan tersebut sudah pergi memanggil Kyana Patih Sepuh Bramadenta dan Arya Bagaspati serta Arya Brama Santanu. Mereka bertiga segera datang
2. menghadap Sang Prabu, bertiga menghaturkan sembah. Berkatalah Sri Brama Kumara Aji, "Ketahuilah Bapa Patih, si Panji memang sangat sakti.
3. Berat untuk dilawan dalam perang. Semua pasukan dan daeng yang pergi ke tanah Jawa, telah mati dibunuh oleh si Panji tanpa bala bantuan.
4. Sekarang yang kita bicarakan bagaimana perjalananku nanti karena memang aku berniat perang mengadu kesaktian. Siapa yang menang dan siapa yang kalah."
5. Kyana Patih menyembah dan berkata, "Memang, baik kehendak Paduka agaknya kali

VIII.SANG PRABU BRAMA KUMARA KARSA TINDAK DATENG KEDIRI

GAMBUH

1. *Cundaka mentar sampun, anibali Kyana Patih Sepuh, Bramadenta lawan Arya Bagaspati, myang Arya Brama Santanu. Titiga malbeng kadaton*
2. *sumiweng ngarsa Prabu, katri nembah kinen jajar gupuh. Angandika Sri Brama Kumara Aji, heh Bapa Patih wruhanmu, si Panji nyata yen abot.*
3. *Sinangga aprang pupuh Kabeh wadya daeng kang lumaku, marang tanah Jawa tumpes ing, ngajurit, si Panji kang anglampus, tanpa wadya kang sawiyos.*
4. *Ing mengko oleh rembug, kasidane bakal lakuningsun, sebab uwis ingsun sedya aprang tanding, ngadu pragolaning pupuh. Singa unggul singa kasor."*
5. *Kya Patih nembah matur, Kasinggihan karsa Jeng Pukulun, kadi pungkas Gusti*

ini terakhir mengadu keberuntungan. Panji tentu akan terkalahkan

6. oleh Paduka Tuanku. Tanah Jawa tentu akan takluk. Tidak ada raja yang berbahaya lagi hanya satu itulah yang sangat sakti mandraguna.

7. Meskipun Paduka Prabu mancanegara tentu akan unggul. Banyak raja yang ketakutan berperang karena memang tandingannya sama-sama sakti.

8. Gusti, hamba berkata janganlah kurang akal Paduka. Kyana Patih lalu berkata kepada Sang Bagaspati, "Kakang, bagaimana menurut pendapatmu agar semua dapat lancar?"

9. Sang Bagaspati berkata, "Ki Patih, jika menurut aku meskipun di sini sudah banyak orang yang pandai dan sakti, tetapi sangat sulit mencari apalagi memanggil para raja

10. yang sakti mandraguna. Maka tidak dapat dibuat enteng si Panji itu sebagaimana dulu Prabu Nungsa Rukmi yang

sepisan puniki, abebegjan untung-untung. Yen pun Panji estu kasor

6. *mring paduka Pukulun. Tanah Jawi saestu sumujud, Para nata tan wonten kang babayani, amung satunggal puniku, kang langkung prawireng kewuh.*

7. *Nadyan Paduka Prabu, tanah sabrang kasub yen pinunjul, para nata wingwrin lumawan ing jurit, kadya sampun tandhingipun, papanggih samya kinaot.*

8. *Gusti amba umatur, sampun kirang weweka Pukulun." Kyana Patih major mring Sang Bagaspati. "Kakang wetokna budimu supaya aywa kaledon?"*

9. *Sang Bagaspati muwus, "Heh Ki Patih lamun menggah ulun, nadyan sampun ing ngriki keh guna sekti, penet angupaya wuwuh, angaturi para katong*

10. *kang sami wireng kewuh. Boten kenging pun Panji puniku, ginagampil nguni Prabu Nungsa Rukmi,*

mengandalkan kesaktiannya, tetapi akhirnya mati."

ngandelakan yen dibya nung, toging pranan amacothot."

11. Sang Prabu (Brama Kumara) berkata, "Memang benar semua yang dibicarakan ini. Ada siasat rahasia dari Patih Guna Saranta. Coba ceritakan (Suna Suranta)"

11. *Ngandika Sang Prabu, "Iku bener pada kang rinembung, iki. Ana sisimpenan gelar wadi si Guna Saranta iku, popoyanan dipun alon!"*

12. Kyana Patih segera berkata menjelaskan rencananya untuk mencuri Sang Retna Sekar Taji, dijadikan sebagai sandera agar dapat unggul di dalam peperangan.

12. *Kyan Patih gya muwus, medaraken kang bade glar alus, pandustane mring Sang Retna Sekar Taji, kinarya pamrih panglimput, mrih enggal madyeng pulogon.*

13. Demikianlah, semua menyetujui Baginda bersabda senang hatinya lalu memerintahkan mengirim surat teruntuk Ayahanda Prabu di raja Manila yang sudah kondang.

13. *Ya ta samya panuju, Sri Narendra angandika arum, akarya nawala ji tembung mami, siji katur Rama Prabu, ing Manila ratu kaot.*

14. Satu lagi teruntuk Kakanda Prabu raja dari Negara Siyam, yakni Prabu Mandta Saraba agar keduanya mau membantu di dalam peperangan nanti.

14. *Kang siji surat ingsun, katur Rama rajeng Kakang Prabu, Nagri Siyem Sri Mandra Saraba Aji, yan sembada ingsun nuwun, pitulung narendra karo.*

15. Ada satu lagi yang sangat penting jika nantinya semua mau datang ke Makasar, Patih Bramadenta agar secepatnya

15. *Dene kang siji prelu, besuk yen wus kabeh pada rawuh, ing Makasar. Sri Bramadenta den aglis, ambudalna*

mengirim pasukan sebanyak-banyaknya menyusulnya

*wadyaning sun, kekerigan
sakehing wong*

16. karena sekarang aku akan mendahului untuk berperang ditemani oleh Patih Guna Saranta karena ia sangat pandai. Semua menyepakatinya.

15. *dene sariraningsun, andi-
hingini umajeng glar alus,
mung si Patih Guna Saranta
umiring, iku kang waspadeng
kewuh. Ya ta kang rembung
wus dados.*

17. Surat sudah selesai ditulis. Dua punggawa segera diutus. Keduanya segera berangkat dengan mengendarai kuda. Tak lama kemudian Baginda pulang

17. *Nawala karya sampun.
unggawa kalih ingkang
ingutus. Ririkatan samya
wahana turanggi, ing wuri
luwaran sampun. Sang Nata
kondur ngadaton.*

18. disambut oleh para istrinya sebanyak dua puluh delapan orang. Semua masih selir karena Sang Prabu belum lah berpermaisuri. Di dalam hati Baginda teramat sangat berbahagia

18. *pra garwa samya methuk,
wolu likur garwane Sang
Prabu. Garwa wingking nata
dereng darbe padmi. Marma
ing batin Sang Prabu,
langkung denny kapanjung*

19. sebab Retna Galuh sejak dulu sudah terkenal. Syahdan, sesudah selesai makan Sang Prabu segera pamit pada istri untuk memulai peperangan.

19. *kang sabab Retna Galuh,
nguni sampun kasusra
pinunjul. Ya ta wusnya
dadaran Sri Narapati, gya
pamit mring garwanipun,
denyarsa murweng palugon.*

20. Istri tertua berkata untuk menenteramkan hatinya agar para istri lainnya tak sedih. Semuanya sama-sama tahu gelagat.

20. *Pamurdaning awuwus, ela-
ela anjecani kalbu, ing
pamurih pra putri wolu likur,
sami widagdeng pasemon.*

21. Namun, semuanya terus menangis. Istri tertua melanjutkan ucapannya, "Duh Baginda, apalah untungnya Paduka menantang perang.
 22. Meskipun telah banyak musuh, tetapi musuh yang satu ini Putra Raja Jenggala yang bernama Panji tidaklah dapat dianggap enteng. Siapa pun tentu akan kalah.
 23. Hanya sedikit keuntungannya. Paduka sebagai ratu agung, kaya akan harta dan istri dan semua pasukan sangat sakti sehingga mengharumkan nama raja."
 24. Baginda mendengar semua itu berkata, "Wahai istri tambatan hati adakah orang yang melebihi aku di dalam medan peperangan?"
 25. Besok kalian semua jika aku unggul di dalam perang kalian pasti akan dihormati semua orang di bumi ini." Sri Baginda lalu berangkat.
 26. Para istri mengiringkannya
21. *Temah samya kapi luh. Pramukaning garwa alon matur, Duh Pukulun Jeng Paduka Narapati, lah punapa pedahipun, rumabaseng ing palugon.*
 22. *Nadya katah minungsuh, ugi sampun satunggal puniku, Raja Putra Jenggala kang wasta Panji tan kenging den aru biru, singa dahwen pasti kasor.*
 23. *Sakedik pamrihipun Jengan-dika sampun ratu agung, sugih brana sugih grawa para putri, myang wadya bala wus agung, sedeng luhuring karaton."*
 24. *Myarsa mesem Sang Prabu, babo nimas ywa sandeyeng kalbu, apa ana manungsa ngungkuli mami, kapra-wiraning prang pupuh, marma prang amrih kinaot?"*
 25. *Ing besuk sira masku, lamun ingsun unggul ing prang pupuh, sira pasti sinembah putri sabumi, lah karia mirah ingsun."* Sri Narendra sigra miyos.
 26. *Para garwa tut pungkur,*

berdiri di halaman seakan semua tak rela melepas kepergian Sri Baginda, yang masih muda dan tampan,

*umater ing palataranipun,
yayah kadya sadaya ang-
gendoli, lam-lamen mulat
mring Prabu, warna bagus
maksih anom,*

27. sakti mandraguna, berkulit kuning bersih, dengan perawakan yang *beranyak* sangat gagah perkasa.

27. *tatag tanggon ing kewuh,
pamulu jenar alus arurus,
sawatara beranyake kaduk
manis, padeksa datan gung
luhur, lamun dinuking
pasemon.*

28. Wajahnya sangat mirip dengan Prabu Sasrabahu, ratu agung dari Negeri Maespati. Prabu Brama Kumara dari Makasar memang ratu agung.

28. *Sairib warnanipun, liring
nguni Prabu Sasrabahu, ratu
agung ing Nagari Maespati.
Sri Brama Kumara Prabu,
ing Makasar ratu moncol.*

29. Sebagai sahabat karib Paduka Raja Makasar adalah dua kerajaan. Pertama Kerajaan Ternate dan kedua Kerajaan Segaluh setengah tanah Makasar.

29. *Ing mangka kaolipun, ing
Makasar panjenengan ratu,
mung kakalih Nagri Tarnite
satunggil, satunggil kita
Sagaluh, satanah Makasar
paron.*

30. Kedua raja tersebut tidak rukun, selamanya akan terus bertengkar. Raja Ternate sebagai raja tertua sangat disegani Prabu Brama Kumara; ia tak akan berani melawan.

30. *Ratu kalih tan rukun, taha-
tinaha salaminipun, ing
Tarnite ratu sepuh den ajeni,
mring Brama Kumara Prabu,
tan arsa mukul prang popor.*

31. Demikianlah, Sri Baginda sesudah sekian lama

31. *Ya ta wau Sang Prabu, dangu
manambrama ring pra arum,*

- menunggu Patih Guna Saranta
segera datang menghadapnya.
Sri Baginda pun segera
terbang mengangkasa.
32. Mahkotanya besinar tertimpa
sinar matahari bagaikan kilat
perjalanan baginda, Kyana
Patih mengiringkannya.
33. Dalam perjalanan tidak
dikisahkan. Negeri Makasar
telah jauh ditinggal, sampailah
kini di tanah Jawa yang
tampak sangat indah dilihat
dari angkasa.
34. Sri Baginda sangat terpesona
melihat suasana di kerajaan.
Sepanjang perjalanan, Kyana
Patih memberikan penjelasan
dan setelah sampai di Kediri
keduanya turun.
35. Berhenti di tengah hutan
maksudnya untuk menunggu
malam baru akan masuk ke
kota raja. Syahdan, ganti yang
dikisahkan yang berada di
Kerajaan Kediri.
- Patih Guna Saranta wus
munggeng ngarsi. Sri
Narendra mesat ngayuh,
jumantara cumalorot.*
32. *Prabeng makutha murub,
keneng sunaring baskara
mancur, kadya kilat lampahnya
Sri Narapati, Kyana Patih
munggeng pungkur, lepas
lampahnya sang katong.*
33. *Ing marga tan winuwus. Nagri
Makasar sampun kapungkur,
angungkuli jajahaning tanah
Jawi, asri kawuryan dinulu,
saking mandrawa keh katon.*
34. *Sang Prabu gung andangun,
ing wawarnan kanthaning
praja gung. Kyana Patih
samarga-marga jarwani, duk
prapta jajahanipun, ing Kediri
sigra anjog.*
35. *Niyup madyeng wana gung,
karsanira anganteni dalu,
labetira dateng jro kita Kediri,
yang ta ganti kang winuwus,
kang amucung para sinom.*

IX. DEWI SEKAR TAJI MERASAKAN AKAN KEDATANGAN PENJAHAT

1. Tersebutlah istri Sang Panji, Putri Raja Daha yang bernama Sekar Taji. Sepeninggal suaminya hatinya sedih.
2. Retna Galuh selalu khawatir di dalam hatinya sehingga setiap malam senantiasa bersemedi. Ia lalu memanggil semua madunya.
3. Semuanya telah datang menghadap, di antaranya Retna Surengrana, dan Retna Tisnasari sedang istri termuda Retna Onengan.
4. Para selir lainnya di belakang. Mereka sedang bersenang-senang untuk menghibur hati.
5. Retna Galuh bagaikan mendapat petunjuk di dalam hatinya lalu berkata perlahan kepada Retna Surengrana, "Yayi Surengrana, waspadalah!

IX. DEWI SEKAR TAJI KRAOS YEN BADE KADATENGAN PANDUNG AGUNA

POCUNG

1. *Kang winuwus Sang Panji garwanipun, Raja Putri Daha, kang anama Sekar Taji. Sakesahe kang raka tansah sungkawa.*
2. *Retna Galuh tansah melang jroning kalbu, dadya sang lir Retna, yen dalu anggung semadi. Animbali sagung para marunira.*
3. *Sang Retnayu ing Bali wus munggendu ngayun, Retna Surengrana, lawan Retna Tisnasari, kang kaparek wuragil Retna Onengan.*
4. *Para maru sadaya atap ing pungkur, samya sukan-sukan, keh warnane para putri, sinengaja kinarya cacagak nendra,*
5. *Retna Galuh lirantuk wangsiting Galbu, aris angandika, mring sang Raja Putri Bali, "Duh-duh Yayi Surengrana den, prayitna!*

6. Yayi, di dalam hatiku bagaikan ada yang memberitahukan bahwa nanti malam akan ada penjahat yang datang ke dalam keputren.
7. Untuk itu, berjaga-jagalah karena penjahat itu sangat sakti. Keduanya dapat terbang mengangkasa."
8. Dengan rasa heran Retna Surengrana berkata, "Duh, Kakanda jika memang demikian janganlah Paduka berkecil hati.
9. Nanti malam hamba yang akan meronda, tetapi sebaiknya semua kerabat juga diberi tahu di antaranya Kakanda Arya Brajanata dan Panji Muda.
10. Andaga, Wirun, Kartala." Retna Dewi Sekar Taji lalu berkata." Baiklah Yayi, cepat mereka diberi tahu!
11. Meskipun nantinya si penjahat tidak datang kemari, tak ada jeleknya jika kita berjaga-jaga. "Maka Retna Surengrana segera mengirim utusan
6. *Kalbuningsun Yayi kadya na kang tutur, mengko latri Nimas, ana duratmaka prapti, manjing pura duratmaka kang widagda.*
7. *Datan keguh jinaga sakeh wadya gung, wit luwih aguna, manjing agal; rempit bangkit, margeng wiyat maling roro wong, kadohan."*
8. *Ya ta ngungun Retna Surengrana matur, "Duh kusumeng pura, punapa wonten kang misik, yen saestu Paduka sampun sumelang.*
9. *Inggih ulun kang alanglang mangke dalu, lan sayoginira, kadeyan sinung udani, Kakang Arya Brajanata Panji Muda.*
10. *Daga Wirun Kartala sadayanipun." Ya ta angandika, Sang Raja Putri Kediri, ariningsuh lah den age undangana!*
11. *Kang saestu nadyan nora prapta iku, si maling aguna, ala apa mrayitnani." Ya ta Retna Surengrana gya anduta*

12. agar menyampaikan pesan Sang Kusuma Galuh. Utusan tadi lalu berangkat menjalankan tugasnya. Syahdan, keadaan di luar ketika itu Arya Brajanata dan semua kerabat
13. sedang berkumpul, dan sebagai pemuka adalah Andaga dan Kartala beserta putra raja dari Bali yang bernama Raden Kuda Natpada;
14. Duduk berjajar dengan Panji Muda dan Wirun juga Raden Kuda Sarjana duduk berjajar dengan Raden Wukir Sari membicarakan kepergian Sang Panji.
15. Karena sudah lama ingin berperang pada saat mereka sedang berbincang-bincang datanglah abdi utusan dari Keputren.
16. Dan, setelah menyembah lalu berkata kepada Sang Brajanata bahwa ia diutus Retna Galuh untuk memberitahukan.
17. Nanti malam akan ada penjahat yang datang. Paduka dan para kerabat semua diminta
12. *mawa dawuh kang saking Kusuma Galuh, pawongan umentar, wuwusen kang munggend Jawi, Arya Brajanata lan para kadeyan*
13. *lagya kumpul kang kaparek munggend ngayun, Handaga Kartala, lan raja putra ing Bali, kang panengran Rahaden Kuda Natpada;*
14. *Jajar lungguh Panji Nom kalawan Wirun, Dyan Kuda Sarjana, jajar lan Dyan Wukir Sari, kang ginunem Sang Panji kesahira.*
15. *Dene dangu denyarsa tamiyan mungsuh, lintang karya susah, lagya eca gunem pikir, dumarojog pawongan kang saking pura.*
16. *Munggend ngayun asigra denny umatur, mring Sang Brajanata, aturnya lamun tinuding, saking Retna Galuh ngaturi uninga.*
17. *Mangke dalu wonten duratmaka rawuh. Pukulun Paduka, lan para kadeyan*

untuk selalu waspada.

18. Sang Arya Brajanata terheran dan berkata lantang, "Siapa yang memberi kabar dan mengatakan akan ada penjahat" Sang Panji Carang Waspada lalu berkata melerainya.

19. "Duh, Kakanda itu semua hanyalah kekhawatiran para putri, tetapi ada baiknya. Jika Paduka tetap waspada.

20. Semua ini dapat menjadi peringatan agar kita meningkatkan kewaspadaan." Sang Brajanata tersenyum dan berkata "Heh, abdi utusan katakan kepada Sang Renta!

21. Aku sudah siap siaga menghadapi bahaya. Semua yang berada di keputren janganlah khawatir dan takut. Aku sendiri nanti yang akan berkeliling meronda."

22. Emban utusan segera kembali ke keputren untuk menyampaikan pesan (Sang Brajanata) bahwa semuanya telah siaga. Sekarang ganti yang dikisahkan.

sami, ingaturan sampun kirang kaprayitnan,

18. *Ya ta ngungun Sang Arya ngandika asru, "Sapa kang wawarta, dene wruh yen ana maling?" Gya umatur Sang Panji Carang Waspa,*

19. *"Duh Pukulun Kakangmas pandamelipun, wateking wanodya, sayekti geng mutawatir. Jang Paduka mugi sampun kikirapan.*

20. *Mangka pemet punika ing aturipun, ngindakken prayitna, Sang Arya mesem linga ris, heh pawongan matura marang Sang Retna!*

21. *Ingsun uwus parentah prayitneng kewuh. Sagunging wanodya, aywa na sumelang galih. Ingsun dewe kang anglanglang mring jro pura."*

22. *Cethi sampun wangsul lumebeng kadatun, ngaturken wangsulan, yen jawi sampun rumanti. Enengena ya ta ganti kawuwusa.*

23. Panji Sepuh yang sedang berada di tengah hutan belantara sangat terpesona hatinya melihat seisi Taman Sari jika malam hari duduk berlama-lama di dalam cungkup kembang,
24. bersemedi mengheningkan cipta. Jika siang hari (ia) keluar berburu burung. Bancak dan Doyok disuruh menghalau.
25. Burung-burung yang tertangkap dan aneka binatang hutan, seperti musang, kijang, dan kancil dimasukkan sangkar dan besok akan memanggil orang-orang desa.
26. Itulah yang dikerjakan Sang Panji jika berada di luar taman. Sesudah lama berburu burung lalu beristirahat di bawah pohon.
27. Tiba-tiba datanglah seorang dewa dari angkasa yang bernama Sang Hyang Basuki. Setelah datang Sang Dewa berdiri di depan (Sang Panji)
28. seraya berkata. "Babo Cucuku kiranya (engkau) kerasan di hutan cepatlah (kau) pulang
23. *Panji Sepuh kang lagya munggend wana gung, kalintang kacaryan, sasaneng jro Taman Sari, cipta lami yen dalu neng cungkup sekar,*
24. *anggun semu ngeningken sariranipun. Yen nalika siyang, mijil angupaya peksi. Bancak Doyok kinen giring kukila,*
25. *Sampun antuk kukila samya kinurung, miwah buron wana, rase kidang lawan kancil, lamun kondur karsa nimbali wong desa.*
26. *Kang puniku Sang Panji dupi nuju, munggend jawi taman. Wus dangu mamasang peksi, lagya kendel munggend ngandaping mandira.*
27. *Ya ta teduh wonten kang Jawata rawuh, saking ing ngawiyat, kang nama Sang Hyang Basuki. Dupi prapta Sang Dewa ngadeg neng, ngarsa,*
28. *sarya muwus, "Babo sira putuningsun, kerasan neng wana, sira muliha den aglis,*

karena nanti malam ada bahaya yang datang!

mengko latri ana bebeka kang prapata!

29. Jika sampai terlupakan akan makin membahayakan dirimu dan engkau juga akan mendapat bencana. Kerajaanmu akan porak-poranda.

29. *Yen katrucut bebeka luwih pakewuh, putu sira uga, yekti ketaman prihatin. Bakal bosah-basih ing pawismanira.*

30. Sang Panji mendengar itu menjadi terheran-heran. Ia menduga yang datang ini tentulah dewata sebab sangat berwibawa.

30. *Ya ta ngungun Sang Panji miarsa wuwus, Sang Panji anduga, lamun jawata kang prapti sebab dene cahyane pinda basanta,*

31. Ia segera menyembah dan bertanya "Siapa Paduka datang kepada hamba memberitahukan hal yang menakutkan?" "Aku bernama Hyang Basuki

31. *Nembah matur, "Sinten Paduka Pukulun, nedhaki mring hamba, pepenget ngajrih-ajrihi?" "Anaauri Hyang Basuki araningsun*

32. sebagai ratu semua ular. Maksud kedatanganku karena merasa kasihan kepadamu." Sang Panji berkata perlahan,

32. *kang rinatu dening taksaka sawegung. Prelu praptaningwang, mung mirma lang sira kaki." Sang Panji alon wau aturura,*

33. "Duh Pukulun, perkenankan hamba meminta untuk menjelaskan bahaya apakah gerangan?" Hyang Basuki menjawab,

33. *"Duh Pukulun, parenga hamba nunuwun mugi kapajarna, bebaya paran kang warni?" Hyang Basuki aris denira ngandika,*

34. "Aku tidak boleh memberitahukan kepadamu. Hanya, cepatlah engkau pulang nanti

34. *"Ingsun kulup tan jarwa mring sira tahu. Mung age kondura, mengko sira wruh pribadi,*

engkau akan melihatnya
bahaya apa yang akan
membuat bencana.

*mring bebaya kang bakal
karya ruhana.*

35. Bancak dan Doyok datang
dengan terheran-heran dan
masih tergopoh-gopoh karena
habis menghalau burung. Demi
melihat ada dewata datang,

35. *Ya ta ngungun Bancak Doyok
prapteng ngayun, sami
doplang-doplang, kang mentas
anggiring peksi. Pupi mulat
yen wonten jawata prapta,*

36. Ki Bancak berkata, "Loh, siapa
yang datang tidak tahu sopan
santun berdiri di depan Paduka
Gusti?"

36. *Anjelangkung Ki Bancak
wuwusnya senduh. "Lah sinten
punika, kirang tata wani-wani,
ngadeg nganyur munggeng
ing ngarsa, Paduka?"*

37. Tidak tahu diri, biar nanti
hamba pukul dan pecinya nanti
akan hamba ambil memakai
mahkota tak tahu adat."

37. *Boten urus lah mangke kawula
jagur, yen boten nalangsa,
kethune kawula ambil, mawi
jamang sumerép keneng
larangan."*

38. (Sang Panji) berkata, "Kakang,
yang datang itu adalah dewa.
Janganlah engkau sembarangan
biarlah semau Sang Dewa."
Bancak berkata, "Oh, itu dewa
toh."

38. *Ngandika rum "Kakang
jawata kang rawuh, aywa
musnanika, sakarsane Sang
Dewa di. Bancak mojar heh
ta kalingane dewa."*

39. "Doyok, cepat ikat kedua
kakinya buat sangkar nanti
untuk buah tangan karena dewa
ini tentu pandai terbang."

39. *"Doyok gapuh jireten sikile
iku, gawekna kurungan, gawe
oleh-oleh becik, dewa iku sok
kesit bisa ngambara."*

40. Sang Dewa tertawa lalu berkata
pelahan, "Bancak (engkau)

40. *Guyu-guyu Sang Dewa noli
lingnya rum, Bancak kaya*

seperti anak kecil masih suka bercanda. Apakah kamu tidak ikut bersedih?"

41. Lalu menjawab, "Buat apa susah," Sang Dewa tersenyum, "Ayo, cepat kumpulkanlah semua barangmu, pikullah!"
42. Bancak menjawab, "Itu bukan urusan dewa, mana ada bawaan sebanyak ini. Ayolah dewa bantulah aku membawa barang-barang ini!"
43. "Jika engkau kerepotan, pecimu lepaskan nanti tergencet keranjang titipkan saja padaku," Hyang Basuki menjawab perlahan
44. "Mari Cucuku jangan membuang waktu sekarang sudah saatnya. Datanglah ke pedesaan itu!" Sang Panji menyembah dan berkata,
45. "Duh, Pukulun sepertinya hamba tidak akan dapat datang ke kota raja karena sangat jauh." Sang Dewa berkata,
46. "Cucuku, engkau aku izinkan datang." Sesudah itu, (Sang Dewa) lalu gaib tidak berbekas. Sang Panji sangat sedih hatinya.

bocah, guguyon pating balesik. Apa dadak kowe ora milu susah?"

41. *Gya sumaur, "Susah apa kaya cenguk." Mesem Sang Jawata, "Payo kumpulna tumuli, leh-olehmu ywa na kari pikulana!"*
42. *Bancak muwus lo dewa mono tan urus lah ta ngendi ana, gawan pirang-pirang iki, heh ta dewa rewangana nyunggi, ingwang!"*
43. *"Menek ewuh kethumu mengko yen remuk, kepenyet keranjang, titipena marang mami," Hyang Basuki mesem aris angandika,*
44. *"Payo kulup aywa kesuwen ing laku, iki wus antara, prapta pa desa iki!" Sang Panji nembah alon aturira,*
45. *"Duh Pukulun kadi ing watawisipun, datan saget prapta, jroning kita langkung tebih," Saking ngriki Sang Dewa aris ngandika,*
46. *"Sira kulup sun ideni aglis rawuh." Sang Dewa sawusnya, pamit musna datan keksi, Sang Panji lir megatruh kalbunira.*

X. SANG PANJI KEMBALI DARI TAMAN CUNGKUP KEMBANG

1. Sang Panji segera berkata, "Kakang Bancak cepatlah aku akan memberi petunjuk." Sang Panji lalu cepat berjalan melesat bagaikan kilat.
2. Memang sudah mendapat izin dewata Sang Panji merasa heran hatinya karena perjalanannya baru sebentar telah sampai di kota dan dirinya tidak terlihat.
3. Bagaikan makhluk halus yang tak tampak atas kehendak dewata dibuat seperti itu meskipun bertemu banyak orang mereka tidak ada yang menegur.
4. Sang Panji bersenang hati ingin mengetahui keadaan kota melihat dengan saksama. Bancak dan Doyok berjalan di belakang, keduanya berteriak-teriak.
5. Bancak berkata, "Heh Doyok Gustimu berjalan bagaikan

X. SANG PANJI KONDUR SAKING TAMAN CUNGKUP KEMBANG

MEGATRUH

1. *Sang Panji sigra pangan-dikanipun, "Kakang Bancak dipun aglis, ingsun lumakyeng pituduh." Sang Panji gya mesat aris, kadya kilat cumalorot.*
2. *Estu lamun antuk idining dewa gung, Sang Panji ngungun ing galih, aningali lampahipun, sakedhap prapteng jro puri lawan Sang Panji tan katon.*
3. *Sisiluman tanpa mantra kadulu, saking karsaning dewa di, kinarya kadya puniku, kang kapethuk akeh jalmi, tan ana takon tinakon.*
4. *Sang Panji karenan kadya nyalimur ayun wruh bawaning puri, miranti dennya dudulu. Bancak Doyok kantun sami, jalma ro pating barengok.*
5. *Bancak angling, "Heh Doyok ika gustimu, akune saengga*

- kilat karena kehendak dewa tadi bagaimana dengan ini?"
6. Barang bawaan kita terlalu banyak. Yang terpenting adalah buah ketos dan burung perkutut. Jika ini ditinggal (Sanng Panji) pasti marah-marah dan kita akan dihukumnya.
7. Mengapa si Dewa tidak memperhatikan kita. "Ki Doyok menjawab, "Karena engkau yang salah. Tahu itu dewa diajak bercanda
8. sehingga ia marah. "Ki Bancak tertawa lalu berkata, "Janganlah engkau takut, aku yang akan memberi izin beda apa aku dengan dewa.
9. Sama-sama punya mata dan hidung punya mulut dan telinga mengapa aku tidak mampun. Ayo semua baang bawaan itu kita gotong royong berdua."
10. Doyok hanya menurut saja. Keduanya menggotong dan cepat berjalan sambil
- thathit, idine si dewa mau, ingsun lawan sira kaki, paran budimu samengko?"*
6. *Gagawane okeh temen tumpuk-tumpuk, woh ketos kang prelu iki, kalawan manuk berkutut tininggala, muring-muring, pasthi wong roro. binendon.*
7. *Adeneya si dewa ora angingus, ora gelem angideni." Ki Doyok nauri wuwus, "Jer kowe kang salah kardi, si dewa den jak guguyon*
8. *dadi mutung lah ta iki jebulipun, Ki Bancak gumuyu angling, lah aja maras atimu, ingsun dewa kang ngideni, kari apa raganingon.*
9. *Lan si dewa pada mata pada irung, pada cangkem pada kuping, pa geneya nora pecus, payo jagalen den aglis, gagawan pada ginotong.*
10. *Doyok nurut sakecap sampun kecakup, go-gotongan mesat aglis, den*

menggerundel, "Ayo cepat berjalan, bawaanku tidaklah berat."

ideni beca-becu, pesthi-pesthi rikat mami, gagawanku nora obot."

11. Keduanya buru-buru menyusul Sang Panji. Akan tetapi, ketika sampai di kerajaan keduanya sangat mengantuk lalu tertidur dan mengorok.

11. *Jalma roro sumebrung denira nusul, tan kantun lawan Sang Panji, nanging duk prapteng kadatun, atuturon nuli ngorok.*

12. Tersebutlah di dalam kerajaan tempat kediaman Sang Panji, semua kerabat sedang berjaga-jaga.

12. *Kawawusa wau sajroning kadatun, puranira Sang Panji, kutha Pandhak langkung bakuh, kang rumeksa wus miranti, para kadeyan jawi jro.*

13. Arya Brajanata yang memimpin. Semua putri berkumpul (di hadapan Dyah Galuh) mereka waspada, tidak tidur saling ber-cengkerama

13. *Arya Brajanata kang mamatah sampun, sanguning kang para putri, prayitna tan nedya guling, sasamuran para sinom,*

14. bersenang-senang bersuka-suka-ria. Akan halnya putri raja Sang Surengrana telah mengenakan pakaian prajurit,

14. *akasukan-sukan ing sa-senengipun, Dene ta sang raja putri, Surenrana wus angrasuk, kaprabon sikeping jurit, akawaca ababadhong,*

15. menyandang pedang dan membawa keris patrem memakai baju dan kain wulung dan membawa anak panah di *endang*.

15. *pekak madya satrepe gen pedhang suduk, anyothe patrem winangking, bajo wulung wastra wulung, alancingan panji-panji, jemparing wus munggend endhong,*

16. Empat puluh prajurit putri bersenjata lengkap siap di belakang Ratna Surengrana lama berkeliling meronda di keputren. Pada saat Sang Panji melihat
17. istrinya meronda berkeliling ia berkata dalam hati, "Apa maksud semua ini? Pasti ada suatu bahaya."
18. Sang Panji lalu mendekati istrinya, tetapi tak ada yang melihatnya (ia) lalu menguntit di belakang melihat semua tingkah Sang Putri.
19. Ganti yang dikisahkan keadaan Sri Narapati (Brama Kumara) dan Patih (Guna Saranta) yang akan berbuat jahat menunggu sepiunya suasana.
20. Setelah tengah malam pada saat sang bulan purnama memancarkan sinarnya, Sri Brama Kumara berkata,
21. "Patih sekarang waktunya tiba, tetapi aku ingin tahu berapa
16. *Kawandosa prajurit putri neng pungkur, sadaya sikep jemparing, Retna Surengrana dangu, angideri jroning puri, wau Sang Panji duk anon,*
17. *mring kang garwa mider alanglang ing dalu, Sang Panji micareng galih, "Apa baya wadinipun, pratingkah mangkene iki, tuhu yen ana pakewuh."*
18. *Marepaki Sang Panji mring garwanipun, nanging tan ana udani, dadya kikinthal dudulu, mring solahira sang putri, mring gunem amrih waspaos.*
19. *Enengena kang sampun prayitneng kewuh, wuwusan Sri Narapati, sang duratmaka pinunjul. Kalawan Rekyana Patih, samya nganti sireping wong.*
20. *Dupi wanci sirep rere nuju tedhuh, lagya purnamaning sasi, masa trang wulan sumunu, Sri Brama Kumara aji, panggandikanira alon,*
21. *"Iki Patih wus sedheng manjing kadatun, nanging*

banyak kerabat Sang Panji yang sakit?"

ingsun arsa uning, kadange si Panji iku, kang kasub prawira sekti, sira cacaha palugon?"

22. Patih Guna Saranta menjawab, "Sinuhun, itu soal mudah. Hamba tidaklah takut berperang melawan kerabat si Panji.

22. *Kyana Patih Guna Saranta umatur, "Pukulun ing aprang gampil, tan ajrih amba pukulun, lawan kadange pun Panji, lah punapa baten jarih.*

23. Sri Narapati berkata, "Dulu engkau pernah berkata mempunyaiajian panyire empankan dalam peperangan ini!

23. *Menggah karsa paduka kang lampah alus, ngandika Sri Narapati! dene sira nguni tutur, darbe sisirep linuwih, yen wis prang tamakna mengko.*

24. Jika memang ampuh semua pasti tertidur pulas. Akan tetapi, jika tidak takut bila ketahuan berperang melawan mereka."

24. *Lamun nyata pesthi kabeh pada turu, sanadyan tan ana guling, ingsun tan wurung lumebu, kawanguran ora wedi, amungsuhan wong semono."*

25. Rekyana Patih lalu berkata, "Jika itu kehendak Paduka hamba akan menjalankan perintah. Paduka melihat saja dari tempat (angkasa) ini."

25. *Kyana Patih miarsa sigra umatur, "Lamun makaten dewaji, amba sandika umagut, mangke. Paduka tingali, saking gagana kamawon."*

26. Sesudah selesai berbincang, keduanya lalu terbang mengangkasa bagaikan kilat tampaknya keduanya telah berada di atas kerajaan.

26. *Wusnya dadya ing tembang gya mesat gupuh, napak madyaning wiyati, kadya kilat lampahipun, Sang Prabu lan Kyana Patih, sampun-ngungkuli pakuwon.*

27. Prabu Brama Kumara melihat bagaikan orang keheranan, terpesona hatinya melihat seisi kerajaan.
28. Melihat di halaman istana banyak wanita cantik, wajahnya tertimpa sorot bulan yang sedang purnama.
29. Seketika dada Sang Prabu terasa sesak (karena) jika sampai Sang Panji terkalahkan tentu banyak pampasannya tidaklah rugi ia.
30. Sampailah ia di tempat orang yang sedang berjaga. Semua kerabat lengkap. Sesampai di luar Rekyana Patih disuruhnya turun.
31. Di atap pintu gapura Rekyana Patih lalu turun, sedangkan Sang Prabu masih terbang cermat melihat hatinya masih terpesona.
27. Prabu Brama Kumara dennya dudulu, kadya jangkung miling-miling, nyang ningali sakeh wangun, kawuryan kalintang asri, Sang Prabu kacaryan tumon.
28. Myang ningali palataran jro kadatun, akathah jalma-pawestri, majang sesangkayu-ayu, keh muka kataman sasi, purnameng wulan sumorot.
29. Sri Narendra wuwuh seseg jroning kalbu, lamun kasoran Sang Panji, estu boyongane agung, nora tuna laku mami, sedheng anteping palugon.
30. *Wus dumugi sigra wangsul sang aprabu, mring gene kang samya kemit, kadang kadeyan supenuh, kang jinujuk pintu jawi, Kyana Patih kinen anjog.*
31. *Mring tatarub kang munggend lebeting pintu, gya tumurun Kyana Patih, Sang Nata maksih neng luhur, miranti gennya ningali, lir kasmaran sang akatong.*

XI. PATIH GUNA SARANTA
BERPERANG MELAWAN
RADEN WIRUN DAN
RADEN ANDAGA

1. Patih Guna Saranta menyamar sebagai pedagang berpura-pura ingin menginap. Sementara itu, para kerabat yang sedang berjaga-jaga sedang beristirahat.
2. Mereka selalu waspada dan bersenjata lengkap ganti-berganti meronda. Pada saat Rekyana Patih datang bertemu dengan Raden Andaga yang sedang beristirahat Ki Patih sangat terkejut.
3. Ketika disapa orang dari mana malam-malam datang Ki Patih lalu datang mendekat bersujud sambil menjawab "Hamba orang desa yang berdagang kambing
4. ingin menginap di sini." Raden Andaga setelah mendekat dan melihat wajah Ki Patih Guna Saranta yang berewok dan kedua mata menyala serta berbusana sangat bagus,

XI. PATIH GUNA SARANTA
PRANG LAN RADEN WIRUN
TUWIN RADEN ANDAGA

ASMARANDANA

1. *Guna Saranta apatih, mindha-mindhha jalma dagang, kawengen duk arsa mondhoek, mundhuk-mundhuk lampahira, ya ta pra-kadegan, kang samya munggend jro tarup, nuju kendel dennya langlang.*
2. *Pepekan prayitneng westhi, asikep gagamaning prang, gantya mubeng gantya reren. Kyana Patih dupi prapta, anjujug Dyan Andaga, dennya lenggah dereng dangu, kagyat mulat mring Ki Patya.*
3. *Duk sinapa heh wong ngendi, bengi-bengi sira prapta, warnamu kaya wong seje, Ki Patih marek mring ngarsa, dhodhok nauri sabda, "Kawulan sujalma gunung, kadalon adagang menda,*
4. *pados sipengan ing ngriki." Dyan Andaga dupi perak, waspada marang warnane, wok bris babrengos capang, netrane ngatirah pendal, ajarot busana mubyar,*

5. pengakuannya tidaklah benar. Sang Andaga sudah menduga bahwa itu penjahat yang datang menyamar sebagai pedagang. Andaga berkata lantang, "Heh, kamu bukan orang desa dan bukan pedagang kambing.
6. Engkau tentulah pencuri, terlihat matamu memerah dan wajahmu yang berewok. Pakaianmu serba indah memakai bandhong dan jamang. Kalau engkau pedagang kambing bercelana cinde kembang."
7. Ki Patih menjawab marah, "Engkau tidak percaya? Pakaianku ini hanyalah meminjam." Setelah berkata begiku Ki Patih menyerang Raden Andaga menendang dada sekuat tenaga.
8. Raden Andaga yang kesakitan lalu berkata, "Heh ternyata engkau memang pencuri yang mencari lena untuk menendang dada." Raden Andaga berusaha menangkap, tetapi Ki Patih dapat menghindar dan menyerang belakang kepala berkali-kali.
9. Ki Patih terjerembab ketika
5. *pangakune, tan arjoni. Sang Andaga wus anyana, yen duratmaka praptane, nyelimur ngaku wong dagang. Andaga asru nabda, "Heh sira dudu wong gunung, lan dudu wong dagang menda.*
6. *Papatutmu pethut maling, ketara matamu abang, adhadhut wulumu bewok. Babadhong ajajamang, mokal yen wong adol wedhus, nganggo clana cindhe kembang."*
7. *Ki Patih bekuh nahuri, "Lo maido adhi lurah, wong jarot-jarote dhewe." Andhangan gen kula nyelang." Ki Patih wusnya major, Raden Andaga jinagur, kinayang kabener dada.*
8. *Gumadhung karasa sakit, Andaga ngadeg gya major, "Heh nyata si maling bewok, anglimpe ambithi dada." Andaga arsa nyandhak, Ki Patih minger anjagur, gigithok tinula-tula.*
9. *Mungser Rekyana Patih,*

diringkus Raden Andaga, kepalanya terasa pusing lalu berusaha membalasnya. Telinganya terkena pukulan. ia sangat terkejut dan berdiri terhuyung-huyung.

10. Berteriak seraya berkata, "Wah aku terkena pu-kulan(mu) tanganmu bagaikan besi, untung saja kepalaku. Kalau kepala orang lain tentulah akan pecah. Andaga memang sakti.
11. Raden Andaga menjawab "Heh pencuri, engkau orang dari mana kok sudah tahu namaku. Ayo jangan lari perang melawan aku!" Ki Patih berkata sambil menendang, "Tak mungkin aku melarikan diri.
12. Tidak ada pencuri yang mau mengaku belum ada sejarahnya." Ki Patih lalu memasang kuda-kuda berdiri sambil menendang, keduanya saling menendang.
13. Akan tetapi, Rekyana Patih jika terkena tendangan selalu terjerebab karena kalah kuat, (sebaliknya) Andaga jika kena tendangan selalu dapat

kapileng Raden Andaga, gut-guten mumet panone, sigra winales tinepak, Pok-kupinge Ki Patya. Gumampleng Ki Patih jumbul, lumba-lumba kelayoran.

10. *Ambekuh sarya sru angling, "Lah insun den kepruk ngapa, dene lir wesi tangane, tujune endhas pathingan. Oleha endhas rucah, kang mangkene pesthi remuk. Andaga tuhu prawira."*
11. *Dyan Andaga anauri, "Heh maling, wong ngendi sira, lah dene weruh maring ngong. Den atanggon anywa oncat, sira prang lawan ingwang!" Ki Patih nendhang lan wuwus, "Durung ungsum tanggon ingwang.*
12. *Maling embuh aran mami, nglengkara dhek jaman apa." Ki Patih sarwi mregagah, cawetan sarya nepak, tepak-tinepak abikut, adedreg dugang-dinugang.*
13. *Nanging Rekyana Patih, yen dinugang kerengkangan, kalah rosa kerep kasor, Andaga lamun dinugang, amung minger kewala, Ki Patih getem*

menghibur Ki Patih menjadi bermata gelap menyerang dan merangkul dada

anggregut, angruket anyikep dada,

14. memukul dan membanting Raden Andaga berpegangan pundak merangkul sekuat tenaga lama keduanya berada kuat. Akhirnya, Tekyana Patih terkalahkan dapat dibanting telentang mengerang-ngerang.

14. *ambithi sarwi ambanting, Dyan Andaga nyikep pundhak, apeluk puletan okol, dangu udreg ngaben kuwat. Sor titih Kyana Patya, kena binanting kumabruk, kalumah angat-hang-athang.*

15. Pada saat akan ditindih, Ki Patih bangun sambil menjegal Sang Andaga jatuh terduduk. Rekyana Patih lalu menarik keris Raden Andaga akan ditusuknya, akan tetapi tidak mempan.

15. *Dupi arsa den tunggangi, Ki Patih tangi anjegal, Sang Andaga tiba lunggoh, Kyana Patih ngadeg sigra, sarwi anarik katga, Raden Andaga sinuduk, gumadul datan tumama.*

16. Lehernya ditusuk tidak berbekas. Rekyana Patih berkata lantang, "Orang ini keras kulitnya." Pada saat Rekyana Patih terlena tangannya dapat ditangkap dan kepalanya dikepruk bertubi-tubi.

16. *Gulu kinekrek tan busik, Kyana Patih asru ngucap, "Wong iki atos kulite." Kalimpe Rekyana Patya, tangan kena cinandhak, sirah tinepauk mawantu, Kyana Patih kelayaban.*

17. Ketika akan diringkus Rekyana Patih mengetrapkan ajiannya, bernama ajian belut putih. Ki Patih dapat lolos lalu berlari dan terbang mengangkasa. Raden Andaga kebingungan mencarinya.

17. *Meh rinangkul Kyana Patih, sigra matak ajinira, welut putih tandya lolos marucut Ki Patih oncat, nyalimpet sigra mesat. Mring gagana tan kadulu, kecalan Raden Andaga.*

18. Tatkala itu banyak yang datang para kerabat lalu membantu beramai-ramai mencari pencuri, tetapi tidak dapat ditemukan. Mereka tidak tahu (bahwa pencurinya) telah terbang mengangkasa. Para penjaga lalu memberi tahu Sang Brajanata
18. *Semana kathah kang prapti, kadeyan tutulung samya, gumerah takon malinge, ingubrus datan kapanggya, ingubrus datan kapanggya, datan wruh yen ngambara, wong kemit pating bilulung katur mring Sang Brajanata.*
19. bahwa pencuri itu sudah datang tidak membawa teman (baru saja) berperang melawan Andaga, tetapi si pencuri memang sakti ia dapat menghilang dicari ke mana-mana tidak ketemu.
19. *duratmaka estu prapti, tanpa kekering Sang dustha, laju narajang prang rame, tinadhahan mring Andaga, tan kewran dustha guna, mangky musna tan kapikut, ingubres datan kapanggya.*
20. Sang Arya (Brajanata) terheran-heran lalu mengirim utusan ke keraton memberi tahu para putri. Mereka sudah waspada dan semuanya memuji Retna Galuh yang sangat awas.
20. *Sang Arya ngungun miarsi, sigra utusan mring pura, amangsit kang para sinom, para putri wus prayitna. Lawan mangalembana, marang ing Kusuma Galuh, dene waspadeng paninggal.*
21. Dikisahkan Rekyana Patih yang sedang terbang di angkasa telah sampai di hadapan Sang Prabu. Sang Prabu sudah lama melihat ulah Rekyana Patih tatkala berperang dan dapat dikalahkan.
21. *Wuwusen Rekyana Patih, ingkang mesat angambara, wus prapta ngarsa sang katong. Sang Prabu dangu tumingal, solahnya dupi aprang, lamun Kyana Patih anggung, sor titih angadu yasa.*
22. Setelah Rekyana Patih datang menghadap Sri Narendra
22. *Dupi prapta Kyana Patih, ngandika Sri Naranata, "Heh*

berkata, "Heh Patih, engkau dapat dikalahkan. Siapa musuhmu itu sangat gagah perwira dan tidak mempan senjata."

Patih, sireku kasor. Sapa mungsuhira aprang, wonge gagah pirusa, prakosa dasare teguh."

23. Rekyana Patih menjawab sambil menyembah, "Musuh hamba bernama Andaga, memang (ia) sangat sakti, tetapi sebenarnya hamba tidaklah takut." "Sang Nata tertawa, "Sombongmu, tak tahu diri.

23. *Kya Patih matur wot sari "mengsah ulun pun Andaga, ananging wantah kewala, dereng miris kawula." Sang Nata gumujeng guguk, "Kumenthusmu tan sembada.*

24. Engkau selalu dibantingnya terjungkal tidak dapat bangun masih mengaku tidak kalah." Ki Patih berdatang sembah, "Jika mengadu kesaktian hamba tak akan kalah." Sri Narendra berkata,

24. *Dene kowe krep binanting, kalumeh angathang-athang . pengakumu nora kasor." Ki Patih malenglang nembah. "Yen ngaben kesaktian ulun tan kasor saestu." Ngandika Sri Narata,*

25. "Sekarang engkau kembalilah! Seimbang lawanmu kerabat yang seimbang dengan kemampuanmu. Aku ingin melihat." Rekyana Patih kembali menyembah dan turun dari angkasa.

25. *"Lah sira balinya maning! Amiliha tatandhingan, Kadeyan kang rada repeh, kang ringkin nanging kang guna. Ingsun arsa tumingal." Kyana Patih nembah wangsul, niyup saking jumatare.*

26. Sesampainya di tanah lalu masuk ke pesanggrahan dan mengambil senjata kala momor. Ki Patih Guna Saranta memang pencuri yang cerdik. Pada saat itu para kerabat (Sang Panji) sedang duduk beristirahat.

26. *Sapraptanira ing siti, laju manjing pasanggrahan, anyahlimpet kala momor, Ki Patih Guna Saranta, tuhu maling aguna. Ya ta kadeyan winuwus, lagya tantrem sami lenggah,*

27. Ki Patih sudah lama mengintai Raden Wirun yang sangat kelelahan duduk bersandar sambil tiduran. Ki Patih yang datang ke tempat itu lalu membentuknya, "Hai, jangan enak-enakan.
 28. Apakah engkau mengantuk jika pencuri datang lagi pasti akan celaka!" Wirun menjadi sangat kaget melihat orang asing datang. Ia segera berdiri dan berkata, "Pasti engkaulah malingnya."
 29. Ki Patih menjawab, "Bukan saya pencurinya saya hanya ingin bermain." Raden Wirun lalu menangkap tangan Rekyana Patih. Ki Patih mengibasnya, tetapi tak dapat terlepas.
 30. Ia lalu memukul tangan satunya dapat ditangkap bagaikan anak kecil yang sedang menggelendot. Keduanya saling menyendal. Rekyana Patih dapat diringkus dan dibanting terantuk pada tembok.
 31. (Ki Patih) segera berlari. Sesampai di luar lalu terbang meninggalkan tempat itu suasana menjadi kacau lagi.
27. *Ki Patih dangu ngulati, Raden Wirun nuju sayah, denira lenggah sesendhen, angatuk rem-erem ayam, Ki Patih dupi prapta, anggetak sarwi wawatuk, Ki Lurah angenak-enak.*
 28. *Angantuk punapa arip, puniku mange kainan, manawi prapta malinge!" Ya ta Wirun asru kagyat, mulat wong seje warna, Wirun ngadeg sarya muwus, "Lah sira malinge baya."*
 29. *Ki Patih sigra nauri, "Ki Lurah dede kawula, wong ngriku tandang kemawon." Raden Wirun sigra nyandhak, tangane Kyana Patya, Ki Patih ngipatkan asru, nging kukuh tan bisa uwal.*
 30. *Rekyana Patih ambithi, tangane malih cinandhak, lir lare leyek pasange, udreg asendhal-sinendhal. Rinangul Kyana Patya, binanting tiba kabentus, ing labur adheradhasan.*
 31. *Angeses lumayu mijil. Prapateng jawi sigra mesat, ngambara kang kantung geger, opyak maluk rambah-*

semua orang bertambah waspada. Para kerabat berkumpul membicarakan Rekyana Patih.

32. Rekyana Patih telah menghadap raja. "Sang Nata tersenyum melihatnya, kamu kalah lagi?" Rekyana Patih menyembah dan berkata, "Hamba berperang melawan Wirun. Hamba tidak menyangka

33. orangnya hanya kecil, tetapi dapat membanting hamba sehingga membentur tembok. Ketika hamba tendang ia tidak goyah. Sri Narendra tertawa, "Memang engkau sangat pongah. Ayo empankan

34.ajian sesirepmu dengan saksama. Aku ingin melihatnya!" Rekyana Patih menyembah dan buru-buru bersidekap mengempankan manteraajian pangari bawa. Datanglah angin badai,

35. topan bercampur hujan angin bergemuruh di angkasa saling bertingkah. Sesirep itu mengena segenap pasukan dan

*rambah dadya saya prayitna,
kadayan pra sami ngumpul,
wuwusan Rekyana Patya.*

32. *Wus prapta ngarsa sang aji,
"Sang Nata mesem ngandika,
sira kaya kalah maneh dene
babak irungira?" Kya Patih
matur nembah, "Amba aprang
lan pun Wirun, kawula boten
anyana,*

33. *dene janma andhap alit,
waged ambanting mring
amba, ulun katanggor ing
tembok. Amba tendang boten
ebah, gumujeng Sri Narendra,
"Lah sira nyata kumenthus.
Payo age wetokena,*

34. *sisirepmu kang pramati, arsa
angyekteni iangwang!" Kya
Patih nembah nulya ge,
sidhakep amatak mantra, aji
pangaribawa, katarima ing
dewa gung. Prapta ri kang
bayu bajra,*

35. *lesus meses awor riris,
gumaludhung ing ngawiyat,
sauran geter patere. Ya ta
sisirep tumama, sagunging
wadya bala, myang keduanya*

kerabat (Sang Panji) semua tertidur di sebarang tempat.

36. Dan, di dalam keraton terkena ajian itu para abdi tertidur. Akan halnya para putri, Retna Galuh barkata kepada segenap madunya "Semua saudaraku,

37. waspadalah penjahat itu mengirimkan ajian sesirep sudah sampai ke dalam pura. Karena pandainya si pencuri sekarang sudah masuk menyelusup ke dalam pesanggrahan.

38. Semua penjaga telah tertidur tak ada yang mengganggu. Para putri itu sangat terkejut, mereka berniat untuk berjaga. Namun, karena terkena pengaruh sesirep Ki Patih yang begitu ampuh yang tak dapat ditangkal.

39. Banyak di antara para putri yang berusaha untuk tidak tidur mengusap matanya dengan bawang merah sehingga terasa pedas, tetapi mereka tetap saja tertidur. Akan halnya Dewi Surengrana

saamya rubah, nendra sagen-gen kewala.

36. *Miwah ing sajroning puri, kataman pangaribawa, parekan nendra gelesih. Ya ta kang para kusuma, Retna Galuh ngandika mring sangung para maru, "Kabeh sanak-sanak ingwang,*

37. *padha den angati-ati, cundaka pangaribawa, duratmaka sisirepe, wus prapta sajroning pura. Dene si maling guna, ing saiki wis lumebu, anjajah ing pasangrahan.*

38. *Kang kemit wis padha guling, tan ana kang munasika. Ya ta para putri kaget, sadaya tan sedy nendra, nanging pangaribawa, ning Patih kalangkung ampuh, datan kena sinayutan.*

39. *Keh solahnya jalma estri, kang sumeja datan nendra, ana brambange dineplok, ngusap-ken sakehing mata, pedes anjungkel samya, laju anendra dhekukul. Miwah Dewi Surengrana,*

40. yang sedang meronda berkeliling pura tertidur di bawah pohon cempaka ditemani anak buahnya, sedangkan Dyah Candra Kirana ketika melihat para putri sudah terkena sesirep ia segera berganti pakaian

41. mengenakan kain kafan dan seakan terkena patrem (keris kecil). Ia berpura-pura telah mati. Namun, Dyah Candra Kirana adalah putri Batara Surya yang tidak mempan senjata.

40. *Kang langlang lataring puri, sare neng ngisor ceaka, kalawan sapawongane, ya ta Dyah Candra Kirana, dupi wauh tumingal, yen para dyah kabarubuh, Sang Retna ngrasuk busana,*

41. *angadeng busana lalis, amangking patrem pabelan. Dyah Galuh anyipta layon, nanging Dyah Candra Kirana, punika waranggana, Bathara Surya susumu, tan tumameng pupucungan.*

XII. SANG PRABU BRAMA KUMARA MASUK KE KERAJAAN

1. Retna Galuh sangat bersedih
hati menyalahkan diri sendiri
betapa sengsaranya aku belum
cukup menyandang derita,
2. "Duh Dewata Agung,
bunuhlah aku tak kuasa
menyandang cobaan dari para
dewa menjalani hidup penuh
duka.
3. Aku bersumpah jika nantinya
sampai tertangkap oleh si
pencuri lebih baik aku mati
masukkan ke neraka
4. sebagai hukuman atas dosaku.
Duh para dewa, dengarkan
doa dan tangis hatiku ini.
5. Selama aku hidup di alam ini
tak pernah lupa pada para
dewa dan tidak pernah berbuat
jahat.

XII. SANG PRABU BRAMA KUMARA MANJING KADATON

POCUNG

1. Retna Galuh karuna dalem ing
kalbu, nunutuh sarira,
katuwane awak mami, durung
tutug dennya dadi
lalampahan,
2. "Duh dewa gung, pulungen
sarira ulun estu tan kuwawa,
nendang cobaning dewa di,
lalampahan kang badhe sru
duka cipta.
3. Aran ulun lamun kongsia
kacakup, mring sang
duratmaka, suka lila prapteng
lalis, panjingena jro kawah
candradimuka,
4. mangka ukum druhakeng
angga tan uwus, duh Dewa
Bathara, tingalana sembah
mami, tangis ulun dhuh Dewa
piarsakena.
6. Dennya ulun ing salamine
tumuwuh, mungguwing madya
pada, tan supe ing bathara
di, miwah datan lampah cidra
lah culika,

6. Aku sudah bersuamikan orang yang tampan berbudi pekerti baik dan menghormati wanita. Akan tetapi, tetap bodoh tak tahu berbuat salah.
7. Kepadamu (dewata) aku meminta maaf." Dyah Candana Kirana larut dalam kesedihan hatinya dan berlinanglah air matanya.
8. Para madu segera dibangunkan, tetapi tak ada yang terbangun, bahkan tak bergeming. Retna Galuh semakin bersedih.
9. Sekarang kisah Sang Panji yang masih bersifat makhluk halus sudah lama berada di keputren melihat ulah para istrinya.
10. Ia menjadi lebih waspada. Pada saat Sang Panji melihat para istri tertidur dan Dyah Surengrana tertidur di bawah pohon cempaka,
11. ia segera menghampirinya. Di dalam hati Sang Panji berkata, "Tentulah ini ada pencuri. Siapa gerangan berbuat jahat?"
6. *Amba sampun pinaring krama binagus, lumakyeng pangag-nya, satata sujalma estri, rehning dama ing lepat datan uninga.*
7. *Mila amung nuwun aksama pukulun." Dyah Candra Kirana, teras trenyuh ing panggali, satemahan waspa dres mijil sing netra.*
8. *Para maru agantya-agantya winungu, nanging datan wignya, wungu tan wigya ngalisik, Retna Galuh sru anungku cipta-cipta.*
9. *Ya ta wau Sang Panji ingkang winuwus, kang maksih siluman, wus dangu aneng jro puri, aningali mring solahé para garwa.*
10. *Tansah ngungun mijil kaprayitnanipun, Sang Panji nalika, ningali kang samya guling, sor cepaka kang garwa Dyah Surengrana,*
11. *marek gupuh tinitik lir yitneng kewuh. Sang Panji grahita, "Baya iki ana maling, sapa baya kang sedya cidra maring wang?"*

12. Retna Surengrana lalu dibopong dan dibawa masuk ke rumah ditidurkan di dalam kamar. Sesudah itu ia melihat istri yang lain.
13. Terlihat Retna Galuh sedang menangis dan mengenakan pakaian tak ubahnya orang mati (berkafan). Sang Panji hatinya sangat terkejut.
14. Hampir saja ia menampakkan diri ingin mengetahui perbuatan si pencuri. Sang Panji telah siap siaga.
15. Tersebutlah Prabu (Brama Kumara) dan Rekyana Patih (Guna Saranta) yang masih terbang di angkasa. Patih Guna Saranta berkata,
16. "Sinuhun, itulah kesaktian hamba. Siapakah yang dapat menangkalnya?" Jika Paduka nanti berkenan,
17. ingin melihat matinya musuh. Paduka tentu sangatlah mudah membunuh orang yang ter-tidur. Sri Narendra tersenyum dan berkata,
12. *Gya sinambut kang garwa binekta kondur, Retna Surengrana, sinarekaken ing panti, sawusira wangsul aningali garwa.*
13. *Retna Galuh katonton dennya rawat luh, lan salin busana, angagem busanaangagen busana lalis, Sang Panji driyanya kadya ginubah.*
14. *Meh kalimput arsa ngaton gya sinayut, ayun uningsa, kadadyaning maling sekti. Sang Panji wus miranti panjejepnya.*
15. *Kang kawuwus ri sang duratmaka Prabu, lan Rekyana Patya, kang maksih aneng wiyati, matur nembah Patih Guna Saranta,*
16. *"Lah Pukulun punika kasektenipun, ing kadibyan amba, sinten kang waged nadhahi?" Yen Paduka ing mangke adarbe karsa,*
17. *ayun mundhut pejahnya mengsah pukulun, lah bangga punapan, amejahi jalma guling, Sri Narendra mesem aris angandika,*

18. "Tidak baik membunuh orang sedang tidur. Sebagai seorang satria. Jika musuh sedang tertidur akan ditunggu sampai ia terbangun.
 19. Di dalam peperangan tidak melawan orang yang masih mengantuk." Ki Patih masih sambil menyembah dan berkata," Memang betul
 20. Paduka adalah raja utama bukan tandingan hamba. Hamba masih penasaran ingin melawan Wirun dan Andaga.
 21. Hamba akan mematahkan tangan dan kakinya agar di dalam perang nanti para kerabatnya menjadi takut
 22. Karena yang sakti-sakti sudah kalah. Andaga, Kartala, Brajanata memang sangat sakti." Sri Narendra berkata, Jangan!"
 23. Ayo sekarang kita turun, jangan banyak cakap. Aku akan ke kaputren." Keduanya lalu turun ke tempat para kerabat.
 24. Setelah sampai Ki Patih ditanya
18. *"Dudu laku amateni wong aturu, kang jamah prawira, yen mungsuh katemu guling, ingantenan gungah yen uwis, dandan.*
 19. *Sedheng pagut ora mungsuh wong angantuk, gumuyu Ki Patya, manembah umatur aris, "Sampun leres naming panuwun amba*
 20. *Jen Pukulun estu utameng kaprabun, sanes lawan amba, teksih kedah mamasani, mring pun Wirun miwah dateng pun Andaga,*
 21. *Ulung ukum tangan miwah sukunipun, arsa amba jonjang, supados benjing yen yurit, nyuda wawrat tuwin sagung pra kadayan,*
 22. *Kang gegedhung sampuma sami paruthul. Andaga Kartala, Brajanata sira sekti, "Sri Narendra ngandika, "Lah iku aja!"*
 23. *Payo mudhun ing sun arsa mring kadatun, ywa carewet sira, sigra niyup Sri Bupati, kang jinujug panggenan para kadayan.*
 24. *Dupi rawuh Ki Patih anggung*

nama para kerabat yang sedang tertidur pulas. Rekyana Patih menyebutkan nama mereka

dinangu, wastaning kadeyan, kang sami.eca aguling, Kyana Patih ngaturken mengahing nama,

25. dan menyampaikan akan kesaktian Andaga, Kartala, Wirun, dan Wukir Sari serta Panji Anom dan Kudana Wara.
25. *lan umatur menggah kaprawiranipun, Andaga Kartala, Wirun miwah Wukir Sari, Myang Panji Nom tanapi Kudana Warsa.*
26. Ki Patih berkata agak berlebihan mengatakan Kartala bagaikan seekor gajah besi yang tidak mempan senjata.
26. *Ragi kaduk Ki Patih meloto patut, ngaturken Kartala, winastan lir gajah wesi, tan tumama kapak palu myang gurenda.*
27. Jika marah tiga puluh orang akan dibantingkan sekali saja. Ketiga puluh orang itu akan lebur berikutnya menjadi enam puluh orang.
27. *Yen angamuk ambanting wong tigang puluh, sapisan kewala. Jalma tridasa babarji, kaping kalih punika gunggung suwidak.*
28. Sri Narendra tersenyum dan berkata, "Heh, Patih apakah engkau lupa akan kesaktianku?"
28. *Paran lamun entheng, sinanggi prang pupuh, mesem Sri Narendra, ngandika, "Heh sira Patih, apa kilap marang kaprawiran ingwang?"*
29. Meskipun sepuluh kali lipat dari semua kesaktian (mereka) akan sangat senang hatiku berperang melawan mereka."
29. *Kabeh iku wuwuha tikel sapuluh, kaprawiranira, dadya sukane tyas mami, sedheng silih atandhing padha prawira."*
30. Sang Prabu yang terus berjalan telah sampai di gedong seta
30. *Ya ta laju lampahira sang aprabu, prapteng gedhing*

berdekatan dengan pintu istana tempat Arya Brajanata.

seta, caket pintuning jro puri, padununganira Arya Brajanata.

31. Jika malam tiba Sang Arya selalu bersemadi tidak ikut tertidur terhindar dari pengaruh sesirep berkat kesaktian dirinya.

31. *Dupi dalu Sang Arya tansah manekung, datan milya mudra, ing pangaribawa kalis, ambeg wiku tan kasor kagunira.*

32. Pada saat Sang Prabu melihatnya lalu berkata, "Patih, siapakah dia? Ada orang yang tidak tertidur wajahnya sangat tampan dan gagah?"

32. *Sang Prabu tumingal ngandika arum, "Patih, iku sapa? Manungsa kang nora guling, dadapure balengah pantes prawira?"*

33. (Ki Patih) menyembah dan menjawab, "Dia Arya Brajanata sangat sakti, kakak dari Panji."

33. *Nembah matur pun Brajanata puniku, "Estu yen prawira, kadang sepuh mring pun Panji, ambeg wiku lepat ing pangribawa."*

34. (Sang Prabu) berkata, "Jika nanti ia sampai tahu tentulah akan gempa." Ki Patih menyembah dan berkata, "Hamba yang akan menanganinya."

34. *Ngandika rum, "Mengko iku lamun weruh, menek dadi gendra." Ki Patih matur wot sari, "Boten ewed amba kang darbe paekan."*

35. Ki Patih lalu mengempangkan ajian di pintu dan seketika itu menutup dan mengunci sendiri.

35. *Patih gupuh marepek mantrani pintu, mineb sanalika, pintu kumunci pribadi, pintu para sadaya wus sami menga.*

36. Sang Prabu lalu masuk ke keputren. Sesampai di halaman

36. *Sigra laju Narendra manjing kadatun. Prapteng palataran,*

di belakang puri bertemu
dengan Sang Panji.

37. Akan tetapi, ia tidak melihatnya karena (Sang Panji) tidak tampak. Sang Panji memperhatikan Sang Nata

38. dan mengikuti di belakangnya. Setelah malam tiba si pencuri (Sang Nata) segera masuk ke keputren akan mencuri Sang Retna.

*lalatar wingking jro puri, gya
kaptethuk mring Sang Panji
kang wus yitna.*

37. *Nging Sang Prabu datan
uninga satuhu, mring Sang
Raja Putra, dennya siluman
tan keksi. Sang Panji waspada
marang Sang Nata,*

38. *dupi dalu Sang Panji sigra
tut pungkur. Mring sang
duratmaka, Sang Nata laju
umanjing, mring kadaton ayun
nganthi mring Sang Retna.*

XIII. SANG PRABU BRAMA
KUMARA BERTEMU
DENGAN SANG RETNA
SEKAR TAJI

1. Sesampai di dalam keputren (Brama Kumara) si pencuri sakti melihat seorang wanita berpakaian kain kafan bagaikan sedang bersemedi.
2. Sang Prabu berkata perlahan "Heh Patih, siapa dia wanita berpakaian kain kafan yang tidak tertidur tak mempan sesirepmu masih banyak yang terjaga?"
3. Ki Patih dengan cermat meneliti dan berbisik kepada (Sang Prabu) "Sinuhun, itulah yang bernama Sekar Taji, Putri Raja Daha yang diperistri Panji."
4. Bagaikan mendengarnya, Sang Prabu lalu memperlihatkan Sang Putri dan hatinya terpesona melihat kecantikan (Sekar Taji) yang sedang bersemedi bagaikan sinar rembulan.

XIII. SANG PRABU BRAMA
KUMARA PINANGGIH LAN
SANG RETNA SEKAR TAJI

KINANTI

1. *Dupi prapta jro kadatun, sang duratmaka sinekti, tumingal marang wanodya, angangge busana jisim, tan nendra kadya mumuja, pandam kurung kang pinusthi.*
2. *Alon ngandika Sang Prabu, "Heh Patih, sapa iki wanita kang nora nendra, anganggo busana mayit, ora mandi sirepira, pratanda oleh tan ken?"*
3. *Ki Patih waspada dulu, umatur sarwi bibisik, "Pukulun inggih punika, kang anama Sekar Taji, Putrine Narapati Daha kang kagarwa mring pun Panji.*
4. *Dupi miarsa Sang Prabu, maspaosken mring Sang Putri, lalu lengleng limuting tyas, mulat cahyane kang lagi, semadi kasongan pandam, amindha gebyaring sasi.*

5. Wajahnya bagai bersinar sangat menarik hati Sang Nata mengelus dada dan berbicara di dalam hatinya, "Duh-duh dewata biarkan tak jadi bertemu
6. dengan wanita cantik ini lebih baik mati di medan perang. Siapa yang kuasa melihat wajah secantik itu? "Sang Nata lalu berbisik kepada Rekyana Patih,
7. "Heh Patih, bagaimana akalmu? Aku menjadi sangat kikuk melihat Sang Retna tidur." Rekyana Patih berkata, "Mengapa Paduka malu?
8. Seberapa daya kekuatan seorang wanita yang tidur? Harap Paduka menerapkan kata-kata pujian agar hati wanita itu terpikat!"
9. Sang Prabu mendengarkan (di dalam hati), "Ia membenarkan. Lalu segera berbenah diri membetulkan letak pakaian dan mahkota (di kepala) sambil berjalan (mendekat Sang Putri).
5. *Wadana katon sumunu, anteng mrak ati amanis, Sang Nata angusap jaja, amicara jroning galih, duh-duh ya dewa bathara, kalamun wurunga panggih,*
6. *kalawan sang murtining rum, lebura sajroning jurit. Sapa kuwasa tumingal, ing warna kang kaya iki?" Sang Nata ririh ngandika, marang ing Rekyana Putih,*
7. *"Heh Patih, paran budimu? Pakewuh giningsun ngambil, dene Sang Retna tan nendra." Umatur Rekyana Patih, "Pukulun ewed punapa, Jeng Paduka Narapati,*
8. *Pinten kadare puniku, wanita sampun kapijit? Jeng Paduka wedalena, pangalembaneng pawestri, ing tembung murda piluta, amikut driyaning putri!"*
9. *Myarsa mesem Sang Prabu, sigr aambenerken sami. Sampur wastra prajuritan, winingkis celana keksi, curiga ngingser ngiringan, trap makutha lan lumaris.*

10. Akan halnya Kusuma Galuh hatinya sangat was-was penuh rasa khawatri ia lalu menarik patrem karena sudah menduga si pencuri datang mendekatinya.
10. *Wau Sang Kusuma Galuh, kumepyur dupi ningali, muring ring tyas terataban, sigra patreme tinarik, Sang Ratna sampun anyana, yen duratmaka kang prapti.*
11. (Ia) menangis di dalam hati merintih memanggil-manggil Sang Panji "Duh Sang Panji, suamiku mengapa (engkau) belum datang?" (Apakah) Kakanda tidak merasakan adanya bahaya yang datang.
11. *Anangis sajroning kalbu, kang sinambat mung Sang Panji, "Duh Sang Panji lakining wang punapa an wonten prapti?" Jeng Paduka tan supena, ywan babaya geng kang prapti.*
12. Siapa yang akan menolong kepada diriku? Dulu aku pernah berkata melarang Paduka pergi sekarang semua menjadi kenyataan aku pamit untuk mati
12. *Duh sinten ingkang tutulung, mring dasih kang kawlas asih? Nguni umatur kawula, mring Paduka gegendoli, duh samangke kayektosan, cethi Paduka mit lalis.*
13. Jika sampai aku terjamah oleh si pencuri sakti itu niscaya patremku ini akan kupakai bunuh diri. Aku takut mendapat marah dari dewa, lebih baik aku mati.
13. *Paran kegepoka ulun, mring pun duratmaka sekti, estu yen patrem punika, tumameng angga pribadi. Ulun jrih durakeng dewa, milalu nemahi pati.*
14. (Pada saat itu) Sang Prabu melihat perbuatan Sang Putri yang telah menghunus patrem menempel di ulu hatinya, Sang Nata berkata perlahan sambil meratap,
14. *Ya ta tumingal Sang Prabu, kanggeg mulat mring Sang Putri, dene patrem wus liniga, tumiyung kuluning galih, Sang Nata ririh ngandika, mangrepa mangasih-asih,*

15. "Duh Gusti pujaanku mustika Negeri Kediri tumpuan segala hati aku akan datang membantumu.
16. Jika tidak dapat melihat akulah raja pilihan bernama Brama Kumara dari Negeri Makasar. Oleh sebab aku datang atas kehendak para dewa
17. yang memberi petunjuk kepadamu dan aku juga mendengar kabar yang telah tersiar bahwa engkau putri pilihan.
18. Kecantikannya tiada tanding. Hitam manis menarik hati, bermata bulat lindri-lindri bagaikan bunga permata dan sekarang aku melihatnya sendiri.
19. Sudah tahu keadaan dirimu sungguh sebagai teladan seisi bumi dari seribu negara (putri) yang seperti dirimu, bahkan di surga pun (tak ada).
20. Kecantikan Dewi Supraba dan Dewi Wilutama masih kalah
15. *Duh Gusti pupunaningsun, sosotya Nagri Kediri, musthikaning bumi tara, mirah ywa sandeyeng galih, sedya ayu praptaning wang, ing ngarsanitra mas gusti.*
16. *Ywan katambetan pandulu, ingsun Narendra linuwih, paparab Brama Kumara, ing Makasar sura sekti, duh gusti sumarma prapta, awit pakoning dewa di,*
17. *kang asih angsung pituduh, kinen sumewa wak mami, marang sariranira, lawan ingsun wus miarsi, kabar kang uwis kaojat, yen sira putri lumuwih.*
18. *Kacetha guruning ayu, ratuning manis prak ati, ratuning raga karana, netranta kang lindri-lindri, pindha sekaring sosotya, ing mengko ingsun yekteni.*
19. *Uninga mring sira masku, tuhuyen punjuling bumi, midera sewu nagara, kadya tan antuk tumandhing, sanadyan ing suranadi.*
20. *Cahyeng waranggana welu, mring cahyanira sor titik,*

dengan kecantikanmu. Dewi Ratih lebih patut jadi abdimu. Tak rugi (aku) berniat

Supraba lan wilutama, Ratih patut anyenyethi, sira kumareng bawana. Nora larang den labuhi,

21. datang berperang mengadu kesaktian hingga negeri hancur bagaikan banjir darah. "Duh mas mirah simpanlah patremmu itu.

21. *tinuku madyaning pupuh, toh pupug gempuring nagri, tombok jiwa sanegara, puwara samodra getih. Duh mas mirah sarungena, patremira den aritih.*

22. Gantilah pakaianmu yang bagus jangan berpakaian kain kafan hatiku sudah tertarik (jatuh cinta) hancur lebur berantakan.

22. *Ngrasuka busana luhung, ywa nganggo busana jisim, eman temen warnanira, narik kalbu lir rinujit, karbuningsun lir sinendhal, rontog rantas rontang-ranting.*

23. Terbayang-bayang wajahmu tidak perlu aku perhitungkan. (Aku) ratu agung binatara kaya harta benda jatuh cinta kepadamu. Terimalah pengabdianku

23. *Karantan jur kumur-kumur, sira katon amlas asih, duh mas mirah insun wekca, kadereng kudu angabdi, marang ing sariranira, angger pindhanen pekathik.*

24. Sekehendakmu aku hanya menurut tanpa memperhitungkan diriku sebagai ratu agung yang kaya akan prajurit (karena) aku jatuh cinta padamu. Maulah engkau aku abdi?"

24. *Sakasanira anurut, nora etung awak mami, ratu agung binathara, sugih bala sura sekti, byatning kasmaran mring sira, tulusa insun ngengeri?"*

25. Demikianlah, Kusuma Galuh lalu segera menjawab per-

25. *Mangka Kusuma Galuh, katga da sigra nauri, aririh*

kataannya lembut, tetapi menyakitkan hati, "Heh, kamu si pencuri meskipun engkau seorang raja

tembunging sabda, nangig pedhes amiranani, "Heh sira sang duratmaka, kalingana Narapati

26. dari Makasar asalmu bernama Brama Kumara mengaku sebagai raja sakti. Apa engkau tidak mendengar bahwa aku sudah tidak sendirian mengapa engkau menginginkanku?

26. *Makasar kawijilamu, Brama Kumara wawangi, ngaku ratu kinawasa, apa mamak tan miarsi, yen ingsun nora lelegan, pagene sira ngengeri?*

27. Engkau seoraang ratu yang kurang ajar tidak tahu adat. Engkau menjadi seorang pencuri tak ubahnya seorang raja raksasa yang menginginkan wanita

27. *Sira ratu numbuk-numbuk, tanpa nut kramaning bumi, sira manjing duratmaka, praptamu ing ngarsa mami, kang jamak narendra ditya, yen arsa marang paestri*

28. yang sudah bersuami. Jika suaminya mati dalam berperang istrinya dijadikan sandera itulah ratu yang tidak berbudi.

28. *kang wus ana laknipun. Pinurwa madya ing jurit, yen lakine wus palastra, garwane tinawan nuli, mangkono ratu wiagda, sireku ratuning juti,*

29. Engkau ratu penakut tidak berani berada muka hanya mengotori dunia. Siapa wanita yang mau kepadamu? Lebih baik aku mati.

29. *Mamak mesum anjelabut, ora wani adu rai, anguthuh ngregedi jagad. Sapa wanita kang sudi, marang parau panira? Baya sun pilaur lalis.*

30. Tak bakalan aku mau dengan orang yang berhati jahat. Suamiku sakti dan tampan. Jika nanti engkau bertemu akan dipanah lehermu tentu engkau akan mati.

30. *Tan arsa tumingal ingsun, mring jalma culikeng bumi. Lakiku bagus prawira. Yen sira kongsia panggih, pinanah gulumu pegat, mangsa gagapa basuki.*

31. Jika engkau ingin menguasai hanya patrem ini yang aku punya sebagai alat bunuh diri (karena) aku tak ingin berselingkuh kepada suami. Heh, Prabu Brama Kumara, janganlah engkau meninggal kan sopan-sanpun.

31. *Yen sira misesa mring sun, mung patrem kang insun pusti, milalu prapteng antaka, tan arsa sedheng mring laki. Heh Prabu Brama Kumara, ywa mungkur ing krama inti.*

XIV. SANG PANJI BERPERANG MELAWAN PRABU BRAMA KUMARA

1. Ketika Sang Prabu mendengar perkataan Sang Retna Sekar Taji bagaikan ditampar mukanya lalu berkata marah, "Babo-babo, engkau memang bodoh tidak akan aku kalah berperang melawan si Panji.
2. Jika engkau tidak mau kepadaku engkau akan aku bunuh sebab sudah jauh perjalananku rugi bila tidak ada hasilnya. Lihatlah Sekar Taji!"
3. (Dewi Sekar Taji) menjawab, "Ayo bunuhlah aku! (Engkau) sungguh bukan seorang ratu jika tidak berani membunuh aku bahkan melihatmu aku, tak sudi."
4. Sang Prabu berkata dalam hati jika aku paksa dia pasti akan mati lalu (ia) berkata pelahan, "Duh-duh, ke-

XIV. SANG PANJI PRANG LAN PRABU BRAMA KUMARA

PANGKUR

1. *Sang Prabu dupi miarsa, mring sabdanya Sang Retna Sekar Taji, lir tinepak mukanipun, asru denira nabda, Babo-babo si Pidir dene kumingsun, pan ingsun mangsa kasora, aprang kalawan Sang Panji.*
2. *Yen sira lumuh maring wang, pasthi lamun sira sun kaya lalis sebab eman lakuning-sun, adoh datanpa tuwas. Tuwas sayah prapteng ing don nora arus!" amis bacin kang ginarap, heh dulunen Sekar Taji.*
3. *Nauri Kusumeng Daha, payo tuli lekasena sang aji, dudu ratu kang satuhu, yen mateni mring wang, yekti jinis wong angulandora pikun, pan ingsun datan kumedhap, mulat mring sira tan sudi.*
4. *Sang Prabu garjiteng driya, sun peksa wong iki prapteng lalis, mangsul nabda manis arum, "Duh-duh mas mirah*

kasihku janganlah engkau begitu. Dengarkanlah tangis (hatiku). Aku bersumpah.

*ingwang, ywa mangkana
angger musthikaning ayu,
dulunen panangis ingwang,
aprasetya awak mami.*

5. Jika sampai aku batal
mempersunting dirimu, aku
tak akan pulang. Jika aku
pulang seorang diri tentu akan
selalu teringat padamu yang
cantik jelita. Kasihanilah
diriku!

5. *Lamun wurung papanggiha,
lawan sira datan acipta mulih.
Yen muliha sarirengsun,
sayekti brangta ngarang,
rangu-rangu kelingan mring
sira masku, kang mindha
Retna Pakaja, mirah welasa
mring dasih!*

6. Duh-duh gusti, jika engkau
betul-betul mau, aku akan
sangat mengasihimu. Semua
istri dan selirku biarlah menjadi
abdimu. Aku pun rela menjadi
abdimu. Biarlah aku sebagai
raja jika sedang dihadap
(kawula).

6. *Duh-duh gusti, lamun sira,
estu arsa pun kakang
andadasih, sagung garwa-
garwaningsun, dadia cethinira.
Nadyan ingsun dadi abdinira
masku. Amung aran ingsun
raja, yen kala mijil tinangkil.*

7. Apabila telah usai dihadap
aku akan mengabdikan kepadamu
sekehendakmu, aku hanya
menurut. Di Negeri Makasar
dengan harta kekayaan yang
melimpah gunakanlah sesuka
hatimu tidak akan ada yang
melarangnya.

7. *Yen uwis mari sineba, yekti
seba marang ing sira gusti,
sakarsanira anurut. Jroning
Nagri Makasar, barana di
kang tumpuhangundhung-
undhung, karyanen sasukanira,
tan ana ingkang malangi.*

8. Kebun-kebun dengan aneka
bunga berhiaskan emas
permata adi agar bersinar
cemerlang bagaikan sinar

8. *Kebon-kebon kembang-
kembng, titirahen kancana
sosotya di, dimen ujwalane
murub, nukmeng ujwalanira*

- wajahmu yang seperti sinar bulan purnama dan geligimu yang bersinar tak ubahnya mutiara yang ditata.
9. Dan, sendunya bola matamu bagaikan melesatnya anak panah yang menghujani ulu hati. Duh-duh Dewata, tolonglah meluluhkan hati yang teguh yang tetap tidak mau menerima(ku).
10. Duh mas mirah (pujaanku). Kedatanganku ke tanah Jawa ini (semula) berniat menantang perang melawan si Panji, tetapi ternyata kosong dan aku datang ke sini. Jadi, janglanlah engkau berprasangka aku berbuat jahat."
11. Sang Putri Daha menjawab, "Heh Sang Prabu, semua katamu telah aku dengarkan tidak membuatku senang, tetapi malah membuat sedih di hati sebab engkau ratu yang jahat di atas bumi ini.
12. Sikapmu sangat sombong setiap saat selalu jahat." Sang Prabu kaget mendengar ucapan (Sang Putri) seperti itu. Seketika ia bermata gelap
- kang apindha purnameng wulan sumunu, lan kenying wajanira, kadya mutyara inganggit.*
9. *Lan, lindrining netranira, liring kadya pesating warastra di, tumibeng jaja angadhuh. Duh-duh Dewa Bathara, tulungana mumudari ati puguh, unggah-ungguh aywa pangguh, age-age anyaguhi.*
10. *Duh mas mirah sarireng wang, praptaningsun ing tanah Jawa iki, kadereng arsa prang pupuh, lawan si Panji iya, nuju suwung sun jarag manjing kedatun, sumarma ywa dalih sira, yen ingsun culikeng kardi."*
11. *Nauri Kusumeng Daha, "Heh Sang Prabu, basanira kang uwis, karungu ing karnaning-sun, datan akarya lejar, malah karya bunek retuh jroning kalbu jer sira ratu dursila, gelah kelah ling sabumi.*
12. *Budhugmu muk tanpa ngrasa, pijer-pijer apa kaworan baring." Kagya miarsa Sang Prabu, mring sabda kang mangkana. Sanalika supe*

sambil berkata lantang, "Heh, babo keparat.

marang purwanipun, maleng-leng asru ngandika, "Heh-heh babo si panyakit.

13. Ucapanmu seenakmu sendiri. Agaknya engkau sudah bosan hidup lalu Sang Prabu mengangkat gada berniat hendak melabrak. Sementara itu, Sang Panji yang berada di belakangnya selalu memperhatikan setiap ulah Sang Prabu

13. *Pangucape seleweran. Baya-baya manungsa bosen urip, kat gada sira Sang Prabu, marepak arsa nyandhak, ya ta wau Sang Panji aneng pungkur, waskitha sadangunira, mring tingkah nya -Sri Bupati*

14. dan ketetapan hati istrinya. Sang Panji memuji istrinya. Demikianlah, pada saat Sang Prabu hendak menangkap istrinya, Sang Panji dengan cekatan menangkap tangan Sang Prabu dan digelandang dibawa keluar.

14. *myang mantepe garwanira, Sang Panji mangalembaneng rabi, mangkana dupi Sang Prabu, arsa nyandhak kang garwa, Sang Panji tangginas anyadhak gupuh, astane Sri Naranata, sinendhal binekta mijil.*

15. Sesampainya di luar pintu di tengah halaman keputren Sang Panji lalu melepas Sang Prabu seraya berujar, "Heh, Brama Kumara engkau sungguh ngawur ulahmu bukan sikap seorang raja.

15. *Prapteng jawining wiwara, nuju palataran sajroning puri, Sang Panji sampun kadulu, nguculken Sri Narendra, sarya sabda, "Heh Braja Kumara Prabu, mamak tanbung laku sira, dudu tingkahe Narapati.*

16. Berbuat jahat tidak kenal sopan-santun. Semula engkau berkirim surat pada Ramanda ingin menantang perang melawan aku. Nyatanya

16. *Culika tanpa nut krama, nguni sira tur surat mring Rama Ji, ubaya ngajak prang pupuh, lawan sariraning wang, mengko nguthuh*

engkau berbuat jahat sebagai pencuri yang mencari lena musuh. Pada saat Sang Prabu mendengar

*manjing duratmaka mumuk,
nglilimpe sepining jalma ya
ta Sang Prabu miarsa,*

17. bahwa yang datang adalah Sang Panji lalu segera melabraknya. Hatinya senang dan berkata, "Babo, kiranya si Panji yang datang mengumpatku.

17. *tetela lamun kang prapta, yen
Sang Panji Prabu marepak
aglis, gambira tatag sru
muwus, "Babo nora kejamak,
Si Panji prapta nuli ngamun-
amun, mangundati tanpa
krama, marang ing sarira
mami.*

18. Kedatanganku ke keputren ini memang sengaja untuk berperang, tetapi (kamu) tidak ada. Hatiku sangat kecewa. Aku berniat memenggal kepalamu dan istrimu kujadikan tawanan. Ayo sekarang majulah!

18. *Praptaningsun manjing pura,
wus sun jarag sumedya aprang
tanding, lawan sira nuju
suwung. Tyas ingsun liwat
cuwa, katemua arsa sun tigas
murdamu, rabimu sun karya
tawan, Payo mengko pada
siji!*

19. Terimalah anak panahku ini! Engkau telah membunuh saudaraku. Demikian aku wajib membalasnya, sambil mengacung-acungkan tangannya tanpa takut sedikit pun. Dasar seorang ratu yang sakti.

19. *Sandhangen bramatyane
wang! Sira nglalis marang
samitra mami, ingsun wajib
males ulum," Prabu Brama
Kumara, panabdane lan
tumuding astanipun, larase
tatag tan uwus, dasar ratu
sura sekti.*

20. Berwajah tampan, berbadan padat *baranyak*. Sang Panji menjawab, "Ayo majulah, aku

20. *Sembada bagus warnanya,
sarwi singset baranyak
ngrespateni, sang Panji nauri*

tidak akan lari menerima tingkahmu." Sang Prabu lalu memasang anak panah dan menarik busur.

wuwus, "Lah payi tekakena, krodanira kaya tan, guningsir ingsun." Sang Prabu gya menthang langkap, pasang tindake jemparing.

21. Melesat jauh si anak panah dengan tidak mengecewakan hati diterangi sinar bulan purnama. Sang Prabu berkata lantang, "Panji, waspadalah inilah jalan kematianmu terkena anak panahku berdoalah dengan baik!"

21. Watara dahing lolongkan, tan klacuwun lalancaran jemparing, lan terang purnama nuju. Sang Prabu asru nabda, "Den prayitna keh Panji iki patimu, sambata marang kang yaga, icipana panah mami!"

22. Senjata berupa trisula yang terkenal sakti itu melesat bagaikan angin tanpa ada aral merintang. Sang Prabu berdiri melihat (lepasnya anak panah) sambil berkacak pinggang.

22. Sanjata dapur trisula, ducing ngumi pangumah sura sekti, lumepas sanjata mamprung, uckunya pareng senggak. Sri Narendra tangkeping prang kuduk, jangga manglung ngungak-ungak besus, astane kering malang krik.

23. Busur tersandang di pundak. Sang Panji dengan tangkas menangkap anak panah yang mengarah kepada dirinya. Sang Prabu melihat (kejadian itu) bahwa anak panahnya tertangkap tertawa tergelak-gelak,

23. Gandewa tumumpang pundhak. Sang Panji tajen dennya nadhahi, jemparing dupi tumanduk, agya tinampen asra. Sang Prabu waspada dunira dulu, yen jemparingnya cinandhak, gumujeng angentrog wentis,

24. "Heh Panji, engkau sungguh sakti seimbang berperang denganku dapat menangkap anak panahku. (Sekarang) akan

24. "Heh Panji tulu widagda, sedheng silih tandhingi, prang lawan mami, bisa nyandhak panah ingsun. Iya sun pindho

aku ulang lagi." Sang Prabu segera menyiapkan busur beranak panah angin yang berpucuk api.

25. Api tersebut mengandung bisa jika mengenai bisa akan menyebar. Syahdan, anak panah sudah terlepas Sang Panji selalu waspada melepas senjata badai sebagai penolak kedua anak panah itu segera beradu.

26. Sang Prabu segera melepas anak panahnya lagi berupa angin ribut. (Ia) menarik gandewa sekuatnya.

27. Berbagai anak panah telah terlepas. Sang Panji lalu menandinginya. Semua anak panah itu memenuhi angkasa bagaikan hujan panah. Kedua (orang itu) sama-sama sakti dan keduanya pun masih muda.

sira." Sang Prabu ngembat, langkapira gupuh, ngagem jemparing bramastra, pucuk bedhor mawa agni.

25. *Agni kunuyus wor lan wisa, yen tinampan wiseng agni mratani. Lumepas sanjata sampun. Sang Panji wus waskitha, nulak saha nglepaskan sanjata sindu, lumepas kang barunastra, tempuh samaning jemaparing.*

26. *Sung pupug datan pa dadya, Sri Narendra mulat gya menthang malih. Sarya ngowani tindak, wentis malang akuwat pementangi pun, sarwi anggedhing gandewa, sigra kang naraca mijil.*

27. *Barubul aneka warna. Sang Panji agya dennya nimbangi. Sannya naraca atempuh, jibeg ing jumatar, kadya riris sanjata panduk pinanduk. Kang yuda sami prawira, Sri Nata taruna kalih.*

XV. SANG PANJI BERPERANG MENGADU ANAK PANAHA

1. Sang Prabu Brâma Kumara sangat senang hatinya sebab mendapat musuh seimbang. Ia pun berujar, "Heh Panji, peperangan ini membuat puas hatiku. Aku tidak menyangka bahwa kamu dapat mengimbangi kesaktianku. Ketahuilah,

2. di dalam peperanganku ini sepantasnya naik kereta dan dikawal para prajurit dengan diiringi tetabuhan. Jika (itu) ditonton oleh kekasih. Sungguh aku agak kecewa peperangan ini tak ada yang melihat."

3. "Heh, Prabu Brama Kumara, ketahuilah bahwa yang pasti di malam hari ini sebagai seorang pencuri bukan seorang raja." Sang Prabu mendengar itu sangat tersentak hatinya.

4. Di dalam hati ia mengakui

XV. SANG PANJI PRANG ANGABEN JEMPARING

SINOM

1. *Sang Prabu Brama Kumara, sukaning driya tan sipi, antuk sisihing ngayuda, ngandika Sri Narapati, "Heh Panji, aprang iki, tyas ingsun rada kaduwung, dene sun tan ayana, yen sira bisa nimbangi. Dibyaningsun weruha lamun mangkana,*

2. *sun murwani ing prang tata, pantes munggeng rata manik, ginarbeg ing wadya bala, susurak kendhang saruni. Katonton dening dasih, mendah baya sukanipun, iki rada kacuwan, prawira tan na ngawruhi, Sang Panji sigra anauri sabda."*

3. *"Heh Prabu Brama Kumara, panggawenira kang pasthi, wruhanira Sri Narendra, yen sira tiwas ing jurit, iya sawengi iki, kaliwat nisthaning ratu, patining duratmaka dudu patining narpati. "Sri Narendra miarsa ngungun ing driya.*

4. *Rarasanira kagagas, ing*

akan kesalahan perbuatannya, Segera timbul keberaniannya untuk tidak kalah berperang. Dengan lantang ia berucap, "Babo-babo, apakah aku seorang raja yang penakut melawan kamu sehingga mati meskipun lipat seratus kali sepertimu.

lampah tuhu kasilip, gya mijil kadiranira, cipta tan kasoring jurit, asru dennya nauri, "Babo-babo dede ingsun, apa ratu gorengan, prang lan sira kongsi mati, awuwuha satus ingkang kaya sira.

5. Aku tidak pernah takut, pasti dapat membunuhmu. Ayo sekarang balaslah jika kamu ingin menandingi kesaktian. Sang Panji lalu menarik busur, anak panah rodha candra segera terlepas bagaikan kilat. Sang Prabu dengan tenang menerimanya.

5. *Nora ngel sariraning wang, anglunas mring sira pasthi, Payo malesa maring wang, yen sira arsa udani, marang kadibyan mami. Sang Panji menthang gupuh, jemparing rodra candra, lumepas saengga thathit. Sri Narendra tatag tarampil atadhah.*

6. Anak panah lalu ditangkapnya dipatahkan seraya berkata, "Inikah panahmu yang akan membunuhku? Agaknya tak seberapa (ampuh) tidak mempan mengenai badanku." Sesudah (keduanya) lama berperang menunjukkan kesaktiannya

6. *Jemparing tinampen asta, pinuter sarya sru angling, "Lah ta iki panahira, kang arsa nglalis mring mami, dene tan angudhili, marang ing sariraning sun, ya dangu antara, dennya lancaran jemparing, ngadu yasa amijilken pangawas,*

7. berupa aneka anak panah yang sama-sama sangat ampuhnya, Sang Prabu Brama Kumara lalu mengeluarkan anak panah berupa ular yang besar dan panjang dengan menyembur-

7. *jemparing kang neka warna, jibeg kang ngebat-ebati, Sang Prabu Brama Kumara, gya mijilaken jemparing, hru taksaka mangredi, geng panjang wisa sumembur,*

kan bisa. Sang Panji berusaha menangkapnya dengan mengeluarkan anak panah bernama gagendra tama.

galak molah kumelap. Sang Panji mangsah anangkis, amijilken jemparing gagendra tama.

8. Keduanya segera beradu dan sama-sama musnah tidak ada yang kalah bagaikan ditanding kesaktiannya selaras dan seimbang di dalam peperangan saling waspada dan terampil.

8. *Purpupug datan pa dadya, sareng sirnarira kalih, tutug ing sakarsa-karsa, tan ana kasoran kalih, tuhu samya limuwih, lir tinandhing yudanipun, raras kadya tinimbang, pantese ngadoni jurit, sami awasira sami rikatira.*

9. Keadaannya sama-sama kuat. Berbadan padat gagah perkasa masih mudah usia. Hanya bedanya Sang Panji lebih berwatak tenang, sedangkan Prabu Brama Kumara berwatak beranyak.

9. *Myang wangun sami sembada singset pasariran gilig, dedegnya kalih pideksa, ing yuswa wetara sami, mung kaotira kedhik, Sang Panji kapara ruruh, Prabu Brama Kumara, amberanyak ngrespateni, kalihira lahelaning pramudita.*

10. Seisi dunia yang melihat peperangan itu menyayangkan jika ada yang mati, yang berarti hilanglah keharuman dunia. Jika di tanah Jawa. Sang Panji terkenal ketampanannya, sedangkan di negeri manca (Makasar) Sri Brama Kumara juga terkenal tampan tiada tandingan.

10. *Rentenging jagad wiryawan, tumonton kang aprang tanding, eman ana palastra, ilang kumaraning bumi. Lamun ing tanah Jawi. Sang Panji bagus pinunjul, dene ing tanah sabrang, Sri Brama Kumara Aji, wus kasumbung abagus tan antuk lawan.*

11. Pada saat itu, singkat cerita

11. *Nguni kocaping carita,*

bahwa Sri Prabu Brama Kumara adalah keturunan Dewa Brama, sedangkan Sang Panji keturunan Dewa Wisnu. Kedunya diberi kekuasaan berlebih dibanding raja lainnya. Atas kehendakmu dewata keduanya akan diadu berperang.

kawijilanira kalih, Sang Prabu Brama Kumara, trah Brama jawata agni, dene sira Sang Panji, panjalma Bathara Wisnu. Kalih sinung pangwasa, luwih samining narpati, karseng dewa tinandhing amangun yuda.

12. Oleh sebab itu, pada saat berperang disaksikan oleh para dewa dan segenap bidadari yang menebarkan wewangian merebak ke angkasa membuat teduh bulan dengan maksud agar peperangan itu tidak sampai berlarut-larut.

12. *Sumarma nalika aprang, keh jawata niningali, miwah sagung waranggana, angudanaken wawangi, rum arum narambahi, ming ngawiyat kadya tedhuh, mukaning waranggana, muwuhi teranging sasi, mirmeng aprang kongsi mirut katawuran.*

13. Awan mendukung menyelimuti bulan terbawa angin sampai jauh. Jika suasana menjadi gelap pada saat mereka berperang, panah angin lembut datang meningkahi (bagaikan) dibelai Hyang Bayu membuat teduh peperangan jangan sampai terbawa emosi. Demikianlah suasana peperangan.

13. *Ima kang nawengi wulan, binekteng maruta tebih, ywanta peteng kasamaran, dennya lancaran jemparing, pawana aris prapti, silir sumilir Hyang Bayu, sung ayeming ngayuda. Ya ta wau wuwusen kang yuda brata.*

14. Setelah berlangsung sekian lama, menjelang akhir peperangan Sang Prabu Brama

14. *Ri wusnya dangu antara, ri sedheng arsa mungkasi, Sang Prabu Brama Kumara,*

Kumara mengeluarkan anak panah sakti pemberian Dewa Brama berupa empat mata panah yang bernama senjata *uwa*.

Kacariyos animpeni, jemparing kang linuwih, Hyang Brama paparingipun, pusakeng ari loka, kang adapur catur warni, ingaranan pamunan sanjata uwa.

15. Tak ada yang dapat menandingi keampuhan senjata *uwa* ini orang sakti sekalipun jika terkena senjata *uwa* akan menuruti perintah yang memiliki senjata tersebut.

15. *Kang sampun manjing babasan, tan ana kelar nadhani, yen nluput sanjata uwa, manungsa punjuling bumi, denen warneng jemparing, sanjata uwa puniku, manut sakarsanira, marang ingkang anggadhahi, kang trekadang awarna rante kancane.*

16. Kadang kala berwujud cakrala terkadang juga berwujud burung atau berwujud anak panah itulah yang membuat Sang Prabu menjadi sangat sakti. Dalam hati Sang Prabu berkata tentu tidak akan kalah berperang melawan Sang Panji. (Ia) tidak tahu bahwa Sang Panji masih keturunan Dewa Wisnu.

16. *Kadang warna taksa cakra, trekadang awarna peksi, tuwin awarna Pusara, punika Sri Narapati, sumarma pilih tandhing. Ciptanira Sang Prabu, masa silih kasora, aprang kalawan Sang Panji, kasamaran yen Sang Panji Wisnu Brata,*

17. Demikianlah Sang Prabu diam mengheningkan cipta. Tidak berapa lama muncullah senjata *uwa* dari angkasa bersinar bagaikan meteor. Atas kehendak Sang Prabu senjata

17. *Mangkana Sri Naranata, nungku cipta asemadi. Tan antara nulya prapta, sanjata uwa kang saking, samadyaning wiyati, cumalorot lir andaru. Panedhaanya Sang*

25. dipatuk oleh Sarutama senjata pilihan di bumi. Aku pamit kepadamu untuk kembali ke kahyangan." Lalu segera musnah tak terdengar lagi Sri Brama Kumara sangat sedih, menangis di dalam hatinya merasa sangat sakti di medan perang.

25. *pinatuk mring Sarutama, musthikeng rodra sabumi. Ingsun pamit marang sira, mulih mring kayangan mali." Wus sirna tan kapyarsi. Sri Brama Kumara ngungun, nangis sajroning nala, tyas karajan prapta nyapih, ambeg dibya sumeja gambuh ing yuda.*

**XVI. PRABU BRAMA KUMARA
KASORAN PRANGLAN
SANG PANJI**

1. Sang Prabu segera melabrak seraya membenahi pakaian - nya. Putra Raja Jenggala (Sang Panji) mengimbangnya. (Keduanya) berperang mengandalkan kekuatan badannya.
2. Berperang seru saling meringkus berputaran ganti memukul, menjambak, dan menyendal bergantian melabrak mengandalkan kedua tangannya.
3. Kekuatannya terkuras bergantian. (Keduanya) kini telah terbakar emosi larut di dalam kacaunya peperangan.
4. Berputaran ambil bergelut, saling menendang, menekuk bergantian manahan memuntir, dan bergantian membuang bagai banteng dan harimau.
5. Para dewa yang menonton di angkasa berkirin di berjogetan senang melihat ramainya

**XVI. PRABU BRAMA KUMARA
KASORAN PRANGLAN
SANG PANJI**

GAMBUH

1. *Marepak Sang Prabu, sarya ngencengi busanipun. Raja Putra Jenggala sigra nimbangi. Pagut akantaran bau, angaben kencinging otot.*
2. *Prang ruket ganti peluk, udreng puteran sami gumregut, okol-ukel sendhal-sinendhal makangsi, aganti tepak-tinapak, mrawangsengken asta karo.*
3. *Karosanira tutug, tatag teteg aganti sor unggul. Agul-agul sedhenge kabranang runtik, gut-guten ing aprang riwut, kadiran tan wonten kador.*
4. *Puter deder agelut, gebang dugang dinugang anekuk, ngangkak-angkak acengkah puntir pinuntir, ganti buwang sareng wangsul, kadyandaka lan arimang.*
5. *Jawata kang dudulu, neng ngaiyat sasanti gumrumung,*

peperangan. Keduanya (memang) orang yang sakti.

6. Diorangkan oleh para dewa menebarkan wewangian yang harum-harum terbawa oleh semilir angin menebar kemana-mana.
7. Angkasa menjadi teduh terkena panasnya hura-hura, kilat berkilauan bagai memberi penerangan ditingkah suara gemuruh bumi berguncang bagaikan kena gempa.
8. Girindra mengangguk-angguk (burung) dedet berkicau di utara dan selatan ditingkahi kicau burung-burung lainnya. Kicau burung beluk bercericau keras sekali.
9. Maksudnya mengingatkan, duh jagalah manusia utama jangan terlena berperang sehingga mati. Jika kurang cermat akan terkena laknat.
10. Burung deras menimpati seakan memberi petunjuk (burung beluk) "Hek beluk, mengapa bikin kaget memberi takut di dalam peperangan.

ngigel-igel ngleleter suka ningali, ramene kang aprang pupuh, kalihnya jalma kinaot.

6. *Winongwong mring dewa gung, umres ngundanken kang arum-arum, binekta mring bayu samirana milir, kumepyur maledug arum, kataman saenggon-enggon.*
7. *Ngawiyat temah tedhuh, keneng prabawa sumuking bendhu, kilat thathit lir susuluh maratani, geter pater gumarumung, kang pratala kadya genjot.*
8. *Girindra manggut-manggut, dhetdhet munya angganter lor kidul, peksi-peksi abarungan samya muni. Swarane kang peksi beluk, kekablak abengok-bengok.*
9. *Isthane nguwuh-uwuh duh emanen, sang jalma linuhung, ywa kadereng denira prang mamrih pati. Ywa tan patitis kasiku, dudu unggyaning kinaot.*
10. *Peksi dares anyendhu, lir wawarah dening kang sinendhu, "Heh heh beluk ya gene ngaget-ageti, weh*

Rasa ibamu itu keliru."

*kesaring aprang riwut,
Pangemanira kasliyo."*

11. Burung merak ramai bercericau bagaikan menyayangkan jalannya peperangan. Sungguh sayang manusia baik terkasih mengasihi hancurnya badan perbuatan apa seperti itu.
12. Sudah tidak kurang derajatnya. Hidup mulia sebagai raja agung masih harus mengutamakan perbuatan jahat sehingga jauh dari keberuntungan.
13. Burung gemak berkicau terus-menerus. Suaranya menyayangkan siapa yang akan menolong pada orang yang sedang berperang? Kekhawatiran hatinya buntu.
14. Burung gedasih merintah sendi terpukau oleh apa yang dilihatnya. Semua yang terlihat agar memberi keselamatan.
15. Kutu-kutu juga mengingatkan. (tetapi) yang sedang berperang tidak mendengar. (Keduanya) sama-sama sakti tidak ada yang kalah. Lama saling membanting sudah tiga jam belum kecapaian.
11. *Mraknya ngungong abarung, lir arasan rarasing prang rusuh, eman-eman jalma di samya kakasih, kaswasiha angga rapuh, pa karya ingkang magkono.*
12. *Wus nora kurang luhur, sinung kamulyen mengku praja gung, dadak kudu angugung angosak-asik, angulisik luru wuwuh. wahyu durung oleh pakon.*
13. *Gemak munya angungkung, uleming swara amelang-melang, sapa tulung kang waringuten kasilip? Sume-laning kalbu buntu, katutup menek kabendon.*
14. *Gedhasih layu-layu, kapilnyu kapilut pandulu, barang katon tontonen waskitheng westhi. Darapon amrih rahayu, kayungyun manuting pakon.*
15. *Pengeting kutu-kutu, sang ayuda buteng tan rumungu. Ing reh samya sudra tan sedya kungkih, ungkih-ingungkih adangu, tigang jam dereng kaleson.*

16. Keduanya bagaikan harimau berperang lalu saling membanting, saling membuang, dan berputar berganti tempat.
17. Dalam kesaktian sempurna akhirnya perang terhenti karena Prabu Brama Kumara sebagai manusia biasa, sedangkan Sang Panji bagaikan dewa
18. menjelma Sang Hyang Wisnu Putra Raja Jenggala sangat ampuh. Sang Prabu yang telah capai akhirnya dapat dikalahkan, sedangkan Sang Panji masih tegar berdiri di tempatnya.
19. Pada saat (keduanya) berperang Sang Prabu akhirnya lena kepala dapat ditangkap, rambutnya dijambak, dan dibantingkan ke tanah.
20. Sang Prabu sudah tak berdaya. sirna semua tak berdaya. Seketika Sang Prabu menduga akan mati Sang Panji berkata pelahan, "(Sang Prabu) apa maumu sekarang?
21. Aku berbalik hati pada musuh tak akan berlaku curang.
16. *Sura marata liwung, kadya saradula kalihipun, prang wekasan aganti banting-binanting, buwang binuwang gya wangsul, puteran agantya enggon.*
17. *Reh kasudiran tutug, ing wusaneng yuda kaparunggul, rehning Prabu Brama Kumara sademi, wantah kamanung sanipun, Sang Panji jawata tunon,*
18. *anjalma Sang Hyang Wisnu, Raja Putra Jenggala linuhung. Sri Narendra kasayahen temah kontit, Sang Panji ajeg tan surut, datan lirip teteg tanggon.*
19. *Nalika ruket peluk, Sri Narendra wus karaos lesu, temah kungkih mustaka dinaut keni, rema ingukel kapilut, jinungkelaken mangisor.*
20. *Sang Prabu wus ngalumpruk, sirna sanguning kadiranipun. Sanlika Narendra anyipta pati, Sang Panji ngandika arum, heh paran karsa sang katong?*
21. *Ingsun utameng mungsuh, datan arsa lamun laku rusuh,*

Engkau minta hidup atau mati?" Sang Prabu menjawab, "Heh, Panji aku belum kalah.

karsanira apa urip apa mati?" Sang Nata nauri wuwus heh Panji sariraningong.

22. Masih bersikap seorang raja agung meskipun aku takluk. Ayo sekarang bunuhlah (aku)!

22. *Durung ambuwang ing sun, kautamaning narendra agung, kasor ing prang sayekti pilaur lalis, lamun nungkula jalebut. Payo untaphna samengki!*

23. Hanya aku mohon akan belas kasihanmu, Panji. Semua yang terjadi ini jangan diketahui prajurit, leburkan diriku!

23. *Mung ing sun anjajaluk, Panji marang ing kawelasanmu. Ing pratingkah iki ywa kongsi kawingkis, kauningan ing wadya gung, leburen kuwandaningong.*

24. Bakarlah biar menjadi abu. Aku akan menghormati tingkahmu. Di akherat biarlah menjadi saudaraku!" Sang Panji mendengar kata (Sang Prabu) merasa iba dan trenyah hatinya

24. *Sirnakna dadya awau Sira ing sun pupuji satuhu. Ing delahan manjinga sudara wedi, Sang Panji miarsa wuwus, angeres dalem ing batos.*

25. lalu menarik keris yang bernama Kala Misani. Pada saat Sang Prabu hendak dibunuhnya datanglah Hyang Wasesa melerau peperangan itu.

25. *gya narik katga gupuh. Kala Misani namaning dhuwung. Ya ta dupi nata arsa den larihi, parmeng hyang wasesa rawuh, nyapih kang samya kawuron.*

26. Angkasa bergemuruh seketika gelap dan hujan lebat bercampur angin dan guntur, banjir badai

26. *Ngakasa gumaludhung, sanalika peteng riris anglut, angin andres guntur gumuntur kang wukir, prakempeng*

menghempas gunung-gunung. (Pada saat) prahara mereda,

*udayeng ranu. Prahara
parapta sumerot,*

27. Sang Prabu telah musnah dibawa angin dan tak tampak lagi. Sang Prabu dilempar ke dalam hutan atas kehendak dewa agar hidup lebih lama.

27. *wus Sirna Sang Prabu,
binekteng angin datan kadulu,
tinibakken jro wana Sri
Narapati, karsaning jawata
luhung, pinanjangken kang
lalakon.*

28. Akan halnya Sang Panji setelah prahara mereda segera melihat bahwa Sang Prabu Brama Kumara telah musnah. Sang Panji sangat keheranan selalu waspada mundur dari peperangan.

28. *Sang Panji ingkang kantun,
sirneng peteng wusana kadulu,
lamun musna Sri Brama
Kumara aji, Sang Panji
saklangkung ngungun,
waskitheng unduring kewoh.*

**XVII. PATIH GUNA SARANTA
BERPERANG MELAWAN
BRAJANATA**

1. Diceritakan keadaan Raden Arya Brajanata yang sedang bersemedi bertempat di ruangan yang diapit oleh pintu yang telah dikunci oleh Rekyana Patih. Ketika Sang Arya mengetahui
2. bahwa pintu dikunci dengan mantera. Ia menjadi waspada bahwa sang pencuri telah datang ke dalam keputren. Ia lalu menendang pintu sehingga rusak, Dyan Brajanata buru-buru
3. datang ke keputren dengan berjalan mengendap-endap. Rekyana Patih tidak mengetahui bahwa kehadirannya telah ketahuan. Sambil menunggu kehadiran Sang Prabu (Brama Kumara).
4. Rekyana Patih telah lama mengantuk. Dyan Brajanata datang lewat belakang. Pada saat sudah dekat, Rekyana Patih ia menduga bahwa (orang) itu si pencuri lalu segera ditendang dan ditempelengnya.

**XVII PATIH GUNA SARANTA
PRANG LAN BRAJANATA**

DURMA

1. *Kawarna Raden Arya Brajanata, ingkang lagya semedi, munggend padunungan, pangapiting wiwara, ing wau ingkang kinunci, mring Kya Patya. Sang Arya duk udani*
2. *lamun pintu kinunci kalawan mantra, waskitha sang wawasi, yen sang duratmaka, sampun manjing jro pura. Krodha jinejeking kori, sakala bujad. Dyan Brajanata aglis*
3. *manjing pura lampahira nuting dustha, nyalimur dingkik-dingkik, Kya Patih tan wikan, yen kinodhol ing lampah. Eca sendhen pipi kori, ngiras tetangga, marang Sri Narapati.*
4. *Kyana Patih dangu ngantuk arenggotan. Dyan Brajanata prapti, medal saking wuntat, duk perak lan Kya Patya, kadugeng tyas lamun maling, gya tinandangan, Ki Patih tinampiling,*

5. Berlandaskan daun pintu. Rekyana Patih sangat terkejut terjerembab sempoyongan menabrak tiang hingga terduduk lalu melompat bangun (lari) ke halaman depan lalu menjawab lantang,
6. Ki Patih mengucek kedua matanya melihat orang yang menempeleng adalah Arya Brajanata. Ia sangat marah lalu segera menetrapkan ajian dan membenahi pakaiannya.
7. Berdiri berkacak pinggang sambil berkata, "Heh, keparat kau Brajanata bukan laku seorang satria bersikap pengecut mempedaya orang yang sedang enak-enak mengantuk.
8. Lazimnya seorang satria akan menyerang jika musuhnya siap sehingga imbang bertanding mengadu kesaktian. Arya Brajanata mendengar itu lalu menjawab lantang,
9. "Heh, si pencuri kau menuduh aku curang? Bukan aku yang memulainya. Engkau telah berbuat curang mengunci
5. *linandhesan tutuping pintu gumebrang. Anjumbul Kyana Patih, langsung kagyatira anglumba kaloyoran, numbuk saka tiba linggih, tangi malumpat, ing palataran jawi,*
6. *Ngulap-ulap Ki Patih ngusapi mata, wruh lamun kang nampiling, Arya Brajanata, Kya Patih krodha magkrak, capeng krena matek aji, mingkis busana, babrengose pinuntir.*
7. *Malang kadhak anudingi asru mojar, "Heh-heh si wong panyakit, sira Brajanata, dudu trahing prawira, satiya culikeng jurit, teka mrawasa, wong ngantuk miwah guling.*
8. *Ingkang jamak lamun tuhuning widagda, mungsuh yen wus miranti, sedheng ngadu yasa, angetog kaprawiran, Arya Brajanata myarsi, mangsah marepak, sarya sru denira ngling,*
9. *"Heh si dustha ya gene ing sun culika? Ingsun nora miwiti, sira ngunci lawang, mumurih salingkuhan. Sireku maling*

pintu! Engkau pencuri dari mana asalmu? Ayo jangan lari!" Ki Patih menjawab,

10. Aku Patih Guna Saranta dari Negeri Makasar. Ayo Brajanata lalu segera mendatangnya. Kutangkap engkau berperang melawan aku Arya Brajanata segera mendatangi (Rekyana Patih).

11. Ki Patih datang menyerang memukul dada (musuh) berkali-kali. Jika akan dibalas (ia) menghindar sampai di belakang segera menendang. Rekyana Patih dapat dipukul belakang telinganya dengan sekuat tenaga. Ia berputar sempoyongan.

12. Arya Brajanata kebingunan, berusaha membalas memukul. Ki Patih melesat dan melompat sambil terus memukul kepala Sang Arya menjadi sangat marah.

13. Ia dengan cermat memperhatikan tingkah Rekyana Patih dengan menahan emosi. Pada saat Rekyana Patih menyerang, segera ditangkis dan ditempeleng pangkal telinganya. Seketika (Rekyana Patih) pingsan,

ing ngendi? "Lah aywa oncat!" Ki Patih anauri.

10. Aywa tambuh ya ingsun Guna Saranta, Makasar praja mami. Payo Brajanata!" Sun anti tepung jaja, "Angrok bandawala pati, Dyan Brajanata, katgada andha-tengi.

11. Ki Patih sigra mrak anjangkah sarya. Bithi jaja anitir, winales malumpat. Prapateng wuri andugang, sarwi gigithok binithi, kinayang-kayang. Mungser Rekyana Patih.

12. Arya Brajanata bingeng datan wignya, arsa males ambithi. Ki Patih malesat, kesit kerep malumpat, yen bali ambithi gigir, myang nepak sirah, Sang Arya langkung runtik.

13. Kapilengen janggilengan sarya mulat, tingkahnya Kyana Patih. Gya mang-angkah-angkah, duk bali Kyana Patya, tinadhahan tinampiling, pok kuping kena. Sumaput Kyana Patih,

14. terjerembab dan segera ditendang, ditekuk lehernya. Rekyana Patih meronta sambil menjegal kaki (Brajanata) Sang Arya terjungkal.
15. Pada saat Ki Patih hendak menendang, dadanya terkena pukulan. Ia jatuh terlempar dengan kalap lalu menubruk (Brajanata) dan keduanya saling menindih,
16. bergelut mengadu kekuatan. Rekyana Patih menjadi nekat menggingit pundak sambil menekuk. Arya Brajanata berkata sambil berusaha melepaskan diri, "Heh, engkau seperti anjing.
17. mengigit pundak. Air liurmu membasahi (bajuku) bikin kotor. Apa kamu anak raksasa?" Mulut (Sang Patih) lalu dicengkeram dan bibirnya disendal sehingga tergeser.
18. Rekyana Patih lalu menggigit kuduk sambil mencengkeram kepala; (Sang Arya Brajanata) merunduk sambil menyikut dada dan kupingnya dapat ditangkap ditarik (Sang Brajanata). Rekyana Patih kembali tergesar,
14. *tiba linggih dinugang kontal kalumah, Ki Patih den kakahi, gulune tinekak. Kyana Patih garonjal, jarunthul anjegal sikil, asru anyendhal. Sang Arya kajumpalik.*
15. *Tiba jengkeng Ki Patih duk arsa nendhang, dhadhane sru binithi. Kyana Patih kontal, rikuh kerasa lara, malumpat anubruk wani, gapyuk atadhah, pethuk asilih ungh,*
16. *okol ukel udreg dedreg ngaben kuwat. Gut-guten Kyana Patih, magap nyokot pundhak, geget sarwi anakak, Arya Brajanata angling, sarwi amengkang, "Si maling kaya anjing,"*
17. *nyakot pundhak ilermu adeleweran, jember anggub-rasi, apa anak buta." Sarya winengkang-wengkang, cangkem rinogoh tinarik, lambe sinendhal, uwal minger angalih.*
18. *Kyana Patih nyakot githok nekem sirah; andhingkluk sang wawasi, anyikuti dhadha, Ki Patih tan rinasa, kupinge dinaut keni, dupi sinendhal. Kenger Rekyana Patih,*

- 19., kupingnya terasa pedas. Keduanya saling menarik mencari tempat yang akan ganti-berganti menyendal. Akan tetapi, Rekyana Patih selalu terkalahkan sering terkena pukulan dan terlempar jatuh.
20. Rambutnya terburai seraya berkata lantang, "Brajanata. Hati-hatilah berperang melawanku!" Rekyana Patih lalu menarik senjata kunta, diputar-putar di tangannya.
21. "Lihatlah, sebentar lagi kau akan mati terkena senjata kunta ini!" Arya Brajanata segera menarik kerisny. Keduanya kembali menyerang berusaha untuk mengalahkan.
22. Kedua senjata saling berada dan saling menangkis antara senjata kunta dan keris. Lama-kelamaan Ki Patih terlena dan dapat ditusuk perut dan dadanya, membal tiada mampun.
23. Keris Arya Brajanata memang sakti. Rekyana Patih yang terkena keris itu badannya terasa panas, matanya melotot marah. Ki Patih lalu berpikir,
19. *kuping pedhes anglumba mangsah sarosa. Nyengkah tarik-tinarik, udreg liru papan. Ganti sendhal-sinendhal, nanging Kyana Patih kontit, kerep karangkang, binuwang kajumpalik.*
20. *Rema udhar Ki Patih tangi mregagah, sarya sru denira ngling, "Iya Brajanata, den tanggon prang lan ingwang!" Narik kunta Kyana Patih, ingagar-agar, munggenng asta kumitir.*
21. *"Lah dulunen tan wurung sira palastra, katiban kunta mami!" Arya Brajanata, sigra narik curiga, sareng dennya marepeki, jengkah-jinengkah, samya mamrih kasliring.*
22. *Lamun pagut uthik aperang-pinerang, ukel tindak anangkis, kunta lan curiga. Dangu-dangu Ki Patya, taledhor jinojoh keni, wadhuk sor jaja, gumadul tan nedhasi.*
23. *Nanging ampuh curiganira Sang Arya. Rumab Rekyana Patih, bingung kelayaban, onga kerasa panas, maripate mondar-mandir, apundirangan. Ki Patih dupi eling,*

24. "Jika diteruskan aku pasti kalah berperang melawan orang ini. Padahal aku belum bertemu Sang Prabu. "Ki Patih lalu berdiri diam. Dyan Brajanata berusaha menyerang.
25. Pada saat akan ditusuk keris lagi Rekyana Patih melompat menusukkan senjata kuntanya. Namun, tidak mempan. Rekyana Patih mengulanginya berkali-kali.
26. Arya Brajanata tak lecet sedikit pun tidak merasakan sakit sama sekali. Ki Patih berkata, "Heh, apakah tidak sakit terkena senjata kunta milikku padahal jika kerismu mengena ke badanku
27. Sekujur badan terasa panas. Lah ini senjata kunta milikku mengena badanmu tidak terasa. Padahal lazimnya barang siapa terkena senjata ini pasti lebur.
28. Brajanata menjawab bengis, "Jangan cerewet! Engkau telah berbuat curang hanya berani menyerang dari belakang." Ki Patih berkata, "Karena aku kalah sakti."
24. "Osiking tyas sun tutugna pasthi kalah, aprang lan si wawasi, gusti Sri Narendra, durung panggih lan ingwang." Ki Patih jegreg tan angling, Dyan Brajanata, gugup dennya mrepeki.
25. Duk jinangkah arsa pinindho ing katga, malumpat Kyana Patih, anamakken kunta. Pungkuran pinarwasa, guadhung datan nedhasi. Rekyana Patya, nitir saking ing wuri.
